


# PUSPA-PALUPI



Isi :

Petikan Serat-serat  
Abasa Djawi



kaimpun :

*Djumadi Siswomartonö B. A.*

*Direktur S. P. G. Negeri*

*Klaten.*



## P U R W A K A

Angengti saja kirangipun serat-serat waosan basa Djawi, pamanah kula sampun salajakipun bilih para sutrisna basa Djawi sami ichtijar nambahi, awit pepindani un benawi basa Djawi wadajib mbandjiri samodra basa Indonesia murih dados agung.

Anggen kula ndanuk,, Puspa - Palupi "inggih djalaran saking punika Dados tebih saking rumaos saged, keladugipun tjumantaka ngungasak n kesagedan.

Isinipun pepetikan serat-serat basa Djawi, murih kaulingan ing para sutresna, satemah karsa ngagem palupi wonten ing bebrajan anjar.

Pamanggih kula prajogi dados waosanipun siswa S.P.G. saha S.L.T.A. sanesipun punapa dene para sutresna basa Djawi. Bab kekiranganipun serat punika, boten njuda derenging manah kula urun sanangsih nambahi waosan basa Djawi nadejan apinda timun wungkuk djuga imbuh

Wasana mugi<sup>2</sup> ndajanana kamadjenganipun basa Djawi.

Klaten, 16 Maret 1970.

Pangimpun / Pangripta.



PAMULANGAN LUHUR KAPRADJURITAN ING DJAMAN MATARAM.

Ing wantji djam sekawan sonten srengēngē sampun suda bentēripun, ramē swaranipun tijang sami reresik, njapa latar ngisēni djembangan utawi kulah badē kadamel adus. Margi angeng ing Mataram ketingal regeng, djalaran katah tijang langkung, sekedap-sekedap ketingal wonten prijantun numpak kapal, panganggenipun sarwa singset, sarwi abebangkol, tanganipun kiwa njepengi apus ingkang tengen amandi waos, wangunipun angadjrihi, ing semu kados tijang badē mangsah djurit. Nanging manawi dipun waspaosaken, ingkang wonten putjuking waos wau dēdē lelandep, awudjud ubel-ubel sindjang kawangun saē, inggih punika ingkang nama watang. Regenging margi saha ramening kita boten anggumunaken, amargi nalika semanten pinudju dinten Sabtu, para satrija, para sēnapati saha para ingkang kalebet golonganing pradjurit sami watangan wonten ing alun-alun.

Ing alun-alun katah tijang; ingkang sami numpak kapal wau tata djēdjēr wonten satjelaking ringin kurung, sawenēh wonten ingkang mijambak. Ing wingking rantap para santana utawi abdi, ugi sami numpak kapal, pratandanipun satrija utawi pangageng saking mantja nagari; boten dangu ka pireng wonten monggang, ingkang Sinuwun Kangdjeng Sunan mijos, ladjeng lenggah wonten ing bangsal pangrawit.

Tengara kaungelaken, nunten wiwit watangan. Para ingkang numpak kapal angebrag kapalipun, mider akekalangan, miling-miling ngupados tanding, sareng sampun angsal ladjeng ubeng-ubengan kados sawung ērēk, sarta tansah wawas-winawas apusing kendali katjangkolaken ing bangkol ladjeng angunda unda watang. Tumunten ingkang satunggal angingeraken kapalipun nradjang anamakaken watang, ingkang kaangkah dada. Satunggalipun prajitna, dawahing watang tinangkis sami watang kumropjak adamel kagēting kapal, sanalika kupingipun andjepiping, mripatipun murub, ing semu kados murina, dēnē bendaranipun kadawahan ing dedamel, ambekos kados akēn tumunten amalesa. Inggih numpaki sabar ing manah, dērēng nijat males manawi dērēng patitis ing pamawas. Kados makaten sagolongan-sagolonganipun ingkang sami adjar tanding, watang-winatang wegig-wegig, adamel senengipun ingkang sami ni -



gali.

Wonten sawenēhipun satrija anama Radēn Pandji Sumi-ang, punika amung tansah anjadjakaken sarira, panganggēni-un sarwa mompjor, alis pinidih, apupuran lamat-lamat, kapal pun asesirig, dērēng angsal tanding. Tijang katah kepegin badē sumerep, dumugi tempuk ing damel, punapa punika nggih mitajani.

Katjarijos wiwit ing gladag tetijang sami pijak su-lingkir tebih, amargi wonten kapal mbandang, ingkang numpak : djedjaka ugi badē tumut watangan. Sanadjan kapal wau ambandang sarosanipun kabekta saking bigar saha mēmpengipun badē lumebet ing pabarisan, ingkang numpaki ketingal ajem. Pantjēn wudjudipun sembada, badanipun kasasaban kotang, namung baunipun ingkang katingal, kentjeng akijeng, mratandani manawi rosa, mripat agilar-gilar minangka tandaning ken-  
del sarta teranging budi, soroting polatan dados gambari-  
pun manah saē.

Dumugi pabarisan kapal taksih ambandang lumebet ing kalangan boten kenging kapekak, malah ladjeng badē nra-  
ijang ing pagelaran. Sang djaka wiwit sumelang ing manah, boten sande adamel kagētipun Sang Prabu, mila ladjeng ange-  
tog kasudiran, kapal kapiṭing ing wentis kekalih, sanalika kapal mandeg greg, badanipun gumeter, ladjeng kenging kai-  
ngeraken, lumampah lon-lonan. Sadaja tijang sami tjingak aningali. Inkang Sinuwun Kangdjeng Sunan andangu: "Iku botjah ngendi, lan sapa arane?" Wonten sawenēhing bupati matur: "Punika Radēn Sangkan, anakipun Tumenggung Gadjah Alit".

Radēn Sangkan sumedya damel bingahipun para ingkang sami ningali. Sareng kapalipun sampun aring napasipun, eng-  
gal kineteg. Saweg badē lumadjeng ladjeng dipun pekak, ka-  
pal ngadeg anglumba, suku nggebrag, ladjeng malumpat, suku wingking njepak, makaten ngantos adamel mirisipun ingkang sami ningali, kuwatos bokbilih ingkang numpak dawah. Na-  
nging Sang djaka kraket kalijan gigiring kapal, mratandani bilih ahli numpak kapal, boten ambruk jēn boten sareng ka-  
lijan tumpakanipun. Radēn Sangkan angendoni apus, sanalika kapal rumaos dipun udja, ladjeng njander lusadjeng angu -



bengi kalangan, pladjengipun sakalangkung banter. Ing nali ka punika Pandji Sumirang saweg kēndel wonten ing pinggir kasliring pladjengipun Sangkan, Radēn Pandji nepsu; wiwit kala wau pantjēn sampun ēwa ing salebeting batos, mila ladjeng nututi sumedya ngajoni, kapal kasanderaken. Sangkan sumerep, sareng mēh ketututan, kapal ingkang saweg mbandang kapekak mandeg greg, Radēn Pandji keplantrang. Sareng mēngo, mengsahipun katingal wangsul sampun tebih. Ramē surakipun ingkang ningali.

Pandji Sumirang saja bentēr ing manah, ladjeng ngan tjak anamakaken watang. Sangkan anangkis, kalijan ajem kemawon. Kawatang malih katangkis sami watang. Wongsal-wangsul pamatangipun Radēn Pandji, nanging boten ngēngingi. Radēn Sangkan sumedya males, kapal kasanderaken sakelangkung gambira, mripatipun sumorot, naradjang sumijut pladjengipun suri arēmbjak-rēmbjak anggegirisi. Pandji Sumirang miris amirē-mirē, sareng sampun tjelak kapalipun milar, Pandji Sumirang dawah kados kababitaken. Suraking tijang ningali kados ampuhan, sinarengan djengkaripun Sang Prabu kondur ngedaton. Abdinipun Radēn Pandji kumrubut dateng nulungi bendaranipun, Raden Sangkan inggih ladjeng anggendjrit man tuk, sumelang manawi kados dēnē bebasan: gegujon dadi tangisan.

Wantji djam pitu sonten dalemipun Radēn Tumenggung Gadjah Alit sampun sinumedan dilah akentjar-kentjar, Kjai Bupati lenggah ing pandapi, kaadep para sentana dalah abdinipun. Pun Matram, abdi kekasih matur, njarijsaken watangan sonten punika wau, Radēn Sangkan dados gumunan, malah Sang Prabu ngantos ndangu. Tumenggung Gadjah Alit sanget lega ing galih, ndangu punapa putranipun dērēng datang ? Matram mangsuli sampun, saweg wēdangan wonten ing tengganipun. Boten dangu Radēn Sangkan inggih ladjeng ngadep, pasemonipun adjeg, kados mentas boten wonten lelampahan punapa-punapa.

Sareng sampun ing saantawis, Kjai Tumenggung ngandika: "Tolē Sangkan, kaja-kaja wis tjukup anggonmu marsudi kasantikan lan kawidjajan; iki mau wartanē Kangdjeng Sunan andangokakē kowē, ora suwē mesti kowē kaabdekakē. Nakarepku: adja disik, tolē ! Sumurupa, kabēh sing koparsudi



lagi ngēlmu lair, mungguh ing kabatinan durung sapiraa  
wruhmu, mulanē pamikirku, iku udinen disik supaja kowē ma  
ertia apa karepē ngaurip, bisaa kadunungan alusing bebun-  
a, ngēmperi sipating Pangēran, maha welas lan maha asih,  
kasan kowē ora bakal kēwran marang patrap agal alus, ing  
no kowē lagi tetep kamanungsanmu".

"Nuwun rama, kaluhuran sanget dawuhipun rama, pan-  
tēn kula pijambak rumaos taksih tlondo. Anggēn kula mar-  
adi dateng kasantosaning badan, pangēstunipun rama kula  
saged langkung saking kantja-kantja barakan kula, ngantos  
ana saged ngeluk tosan gligēn, ingkang mestinipun kedah  
ipun tandangi tijang langkung saking sadasa.

Nanging menawi pinudju mekaten, manah kula ladjeng  
aring kesupēn, njepēlēkaken dateng sasami, gadah patrap  
ingkang ngēwak-ēwakaken. Sampuna kula kerep tampi paring  
pēngetipun rama, amesti kula keladjeng dados tijang re-  
men gegendungan, remen kibir lan tekabur".

"Ija mengkono, tolē. Satemenē akēh wong kang ora ngē  
lengi, jēn kawula iku asipat lali lan apes".

"Samangkē saking pundi saged kula kadunungan luhur-  
ag budi, miwah sutji ing manah, boten sanēs kadjawi namung  
ndjagēkaken paring piwulangipun rama. Rinten dalu boten  
ah anggēn kula anjenjadang lumunturing sihipun rama".

"Ora mangkono, tolē, wong tuwa kaja aku mono mung a-  
vēh wewengan lan tuduh dalan, awit anak-anaku dakkudang  
ada duwēa kaluwihan ngungkuli aku. Aku duwē prasanakan,  
ianggon ing dukuh Madjalima, kaprenah ana sikiling gunung  
lerapi kang sisih wētan. iku wis mungkur marang kadonjan,  
tanget anggonē ngabekti marang Pangēran, patut dadi pandam  
pangajomanē para nonoman. Karo dēnē manēh, tolē, ngēlmu iku  
panggajuhē kudu sarana laku, lirē: ora gampang manungsa bi-  
sa nampani kawruh pangulahing budi, manawa ora nglakoni a-  
ngeningakē tjipta. Udjaring wong witjaksana: witing kata-  
rima iku saka panoda, saka hening, dadining tyas hening sa-  
heneng, bisanē humeneng saka ngasepi. Mulanē jēn dadi ka-  
repmu, kowē bakal dakpasrahakē marang saduluranku mau. Ana  
ing pratapan lereba ing sawatara mangsa, supaja bisaa we-  
ning tjiptamu".



Radēn Sangkan ing sawatawis kēndel kēmawon, ing batos sanget keraos-raos ing manah, semanten katresnanipun ingkang rama, namung tansah amurih kasaēnaning putra, wewakan matur sandika, sarta samangsa-mangsa kadawuhan, ēndjing utawi sonten tumunten badē pangkat.

Gampiling tjarijos, ing satunggaling dinten Kjai Tu menggung dawuh tata-tata, tijang wolu ingkang ambekta angsal-angsal kadawuhan bidal rumijin, Radēn Sangkan badē nututi.

( Mitra darma, R.T. Jasawidagda ).

---

### SAMBATĒ DJARAN RAKITAN.

Maskumambang.

1. Duh-duh, aduh, banget temen sira kusir, tegelē umijat, tegane awēh pisakit, banget-banget si manungsa.
2. Nadyan aku wus rumangsa jēn pinasti, mring kang karja gesang, dadi sangisoring djanmi, panedaku hajwa sija.
3. Apa barang pangerēhmu sun lakoni, sun turut kēwala, nora bakal sun singkiri, puluh-puluh kinapakna.
4. Nora kētang saben dina bola-bali, anggawa gegawan, narik dokar kebak isi, nora bakal sun suwala.
5. Kusung-kusung ngētan ngulon wola-wali, kringet dalē wēran, panas udan tan pinikir, pangrasa mēh arsa pe tjat.
6. Weteng luwē wus mesti suda dajaning, awak senggojoran, ambekanku mendap-mendip, o Allah njuwun ngapura.
7. Mugi-mugi Tuwan ēnggal paring ēling, dumateng manungsa, ingkang gadah watak bengis, welasa marang sasama.
8. Paring ēngget gadah timbangan kang bening, saged tepa-tepa, angrembag samining urip, upamane ta manungsa.



9. Aku iki ngasonē mung saben wengi, terkadang pineksa, wengi-wengi njambut kardi, durung tutug nggonku ma-  
ngan.
10. Panuwunku marang Gusti Maha Sutji, mugi sinembadan,  
manungsa karsa nuruti, apa barang karepingwang.
11. Duh manungsa bisaa awakku iki, lamun arsa mangkat, nam-  
but karja saben hari, tutuga enggonku mangan.
12. Saben ēsuk gujangen disik wak mami, supaja ilanga, re-  
reged kang aneng gigir, lemah lētong aneng badan.
13. Awak seger kekuwatan bisa pulih, nora kambah lara, da-  
di betjik nggonku urip, bisa kuwat nambut karja.
14. Nadyan abot pagawējan saben hari, nanging bisa suda,  
saka ing babaja gitik, nora kesuh atiningwang.
15. Jēn momoti ajwa pisan nganti luwih, aku kang ngrekasa  
satakerē baē uwis, apa nora ana undang.
16. Kang nglarangi nora kena momot luwih, saking pepan -  
tjedan, aku dewē kang nglakoni, jēn kakehan datan ku  
wat.
17. Lamun sira mēlik ēnggalipun tapi, arta ēnggal katah,  
iku luput bakal tuni, nora ngandel titēnana.

(Petikan: Pangresulaning chēwan,  
M.Kartasiswaja B.P.1919).

---

### ANAK KALIJAN BIJUNG.

Kadang kulawarganipun Darba, ingkang katah sami bo-  
ten najogjani dateng sedyanipun Darba, nanging kedjawi em-  
bokipun, tumrapipun Darba boten dados pemanahan, amargi sa-  
daja punika gampil dipun telukaken sarana rembag ingkang  
patitis. Balik embokipun, manawi rembagipun boten kaleres-  
an, saged ugi rumaos kapedotan trisna, utawi putung manahi-  
pun. Pramila sasampunipun Darba rerembagan kalijan Onder-



ipun, ladjeng kintun serat dateng tijang sepuhipun maka -  
ten :

Serat saha ingkang pangabekti, mugi katur ing pan-  
djenenganipun bapak ki mas Najapada sakalijan.

Sasampunipun ingkang kadya punika, nuwun wijosipun,  
kula ngaturi uninga, kawontenan badan kula wiludjeng, boten  
kirang satunggal punapa, pamudji kula, bapak sakalijan em-  
bok ugi makatena.

Wondēnē bab anggēn kula nglampahi magang dumugi  
dinten punika sepen ing pawartos, kados pundi kaparengipun  
Nagari kula boten mireng punapa-punapa. Nanging bab puni-  
ka malah ladjeng boten kula gagas, amargi kula sampun mang-  
gih kekentjenganing manah, badē ngupados padamelan sanēs.

Mugi bapak sakalijan embok sampun kagēt ing galih,  
sadaja ichtijar kula punika ugi mawi ngēngeti, sarta murih  
ndadosaken dangan ing panggaliḥ pandjenengan sakalijan.  
Amila terangipun, bēndjing Sabtu sonten ngadjeng punika ku-  
la badē mantuk mriki, ngrembag bab punika.

Wasana mugi ndadosna kauningan.

Katur kaping, 5 Desember 1902  
Inkang putra pun

Darba.

Seratipun pun Darba ing nginggil punika pantjēn ka-  
damel samar, perlunipun namung supados tijang sepuhipun ki-  
sēnan rumijin, dados samangsa Darba dateng, sampun tata-ta-  
ta. Saupami sadaja sedyanipun punika dipun pratēlakna ing  
serat, Darba sumelang menawi ndjalari klintu serap. Manawi  
sampun mekaten, kados pundi pangangkah-angkahipun Darba  
ngrembag bab punika, amriḥ dangan saha leganipun tijang se-  
puh.

Ing dinten Sabtu sonten, surja sampun boten kati-  
ngal, lentēra-lentēra ing margi ageng salebeting kita Su-  
rakarta, wiwit dipun sumedi. Ki mas Najapada, ingkang estri  
saha Darja, waunipun sami djagongan wonten ngadjengan, sa-



reng sampun peteng ladjeng sami mlebet ing grija. Boten antawis dangu kapi reng ramē swaranipun krēta langkung, mratandani bilih sepur wekasan saking Ngajogjakarta sampun dateng. Najapada njrantosaken ing sawatawis, awit adatipun Darba boten natē ngandong. Sajektos, ing pakiwan wonten swaranipun tijang wisuh, sakedap malih Darba mlebet ing grija.

Sasampunipun tata lenggah bagē-binagēkaken, Darba takēn dateng kakangipun:

- "Bakju kok ora mrēnē mas ?"
- "Ora, tekaku mau rada kesusu".
- "Kesusu keprijē ?"
- "Lagi djam lima iki mau olēhku nampani utusanē bapak, ditimbali mrēnē. Takarani ana perlunē apa, mulanē bakju mu ora takdjak".
- "Tolē wis bisa apa ?"
- "Wis adeg-adeg antep".

Salebetipun makaten, mbok Najapada ngedalaken wē - dang saha patjitan katata ing mēdja andap, nunten sami ngombē saha matjit. Darba sumerep pasemoning tijang sepuhipun, kados ēnggal kepēngin mireng, punapa rembagipun Darba. Pramila Darba inggih ladjeng mbukani, tembungipun dateng Darja :

- "Nēk kowē krungu, mas, keprijē kabarē Kapatihan ?"

Darja: "Prakara awakmu apa ?"

Darba: "Ija".

Darja: "Kok sepi ora kabar apa-apa. Aku wingi ketemu pak Bei Pradjasusāstra, kok ija ora ngandika apa-apa".

Darba dateng bapakipun: "Kados bundi, pak, mangka anggēn kula wonten kaonderan sampun sawatawis wulan".

Najapada: "Lah keprijē, upama kowē gawē paturan".

Darba: "O, boten bapak, manawi mekaten kula isin, amargi wonten kula dateng kaonderan punika dēdē kadjeng kula".

Darba njawang embokipun, wiwit rembagan njandak badanipun, polatanipun pantjēn sampun peteng, bokmenawi kisenan seratipun Darba anggēnipun ngupados padamelan sanēs.



Darba ladjeng witjanten alon kanti sumēh, tembungipun: "Kados pundi embok, saupami kula punika keladjeng boten kagalih ing Pamaréntah ?"

Mbok Najapada: "Mongsok ora digalih, lah nek kowé rikuh gawé paturan, lah bok ketemu pakmu bei Pradjasusastra".

Darba: "E, mangkē inggih embok, kula punika badé matur upami dateng pandjenengan. Anggen kula badé dados dju ru serat punika nama dērēng kantenan. Saupami sapunika wonten ingkang njukani padamelan blandjanipun langkung ..  
.....".

Dumugi semanten witjantenipun Darba pedot dipun selani embokipun. Nalika mbok Najapada mireng tembungipun Darba ..... dērēng kantenan. Saupami ..... "mripatipun sampun wiwit abrit, sareng witjanten luhipun tjarotjosan, tembungipun: "Langkung limalas, selawé, seket, kowé rak arep dadi tjarik pabrik, ta ?"

Najapada saanakipun sami kagēt, witjantenipun Najapada: "Lo, alon ta, embokne, kowé kuwi kok bandjur ngono, rak ija dirungokakē disik kandané anakmu kuwi, djenenge dirembug".

Darba: "O, embok, kula inggih sampun sumerep manawi panggalihan pandjenengan makaten, mila sadaja ihtijar, ingkang kula engeti kudangan pandjenengan. Tjarijosipun rumijin kadjengipun: ketok".

Mbok Najapada: "Lah kok arep dadi tjarik pabrik".

Darba: "Inkang tjarijos sinten ? Kula sasampuna matur, bilih boten. Saupami temena, punapa tijang pabrik punika asoring-asor ?"

Mbok Najapada: "Ija ora, nanging mangsa ngungkulana wong dadi prijaji".

Darba: "Punapanipun ?"

Mbok Najapada: "Kadjēnē, lungguhē".

Darba: "Setatir pabrik, kalijan Asistēn Rēsidēn punika kok sekētja kemawon".



Mbok Najapada: "Lah wong Landa".

Darba: "Boten dupēh Walandi mekaten. Punika mesti wonten sababipun".

Ki mas Najapada pantjēn katah pandjomplangipun dateng Darba mila ladjeng numpangi witjanten: "Sababē kepri jē ? Anu mboknē, kandane anakmu kuwi rasakna, sarta timbang timbangan. Nēk pantjēn ora bener, ija pada digondeli. Wis Darba tutugna kandamu !"

Darba: "Tjobi, sadērēngipun kula badē matur rumijin bab dados prijantun kalijan boten dados prijantun. Dumugi samangkē leres tjarijosipun embok, boten kados dados prijantun. Mila mekaten awit para prijantun punika sami pinter-pinter, apesipun saged maos saha njerat. Bēda kalijan para pandē, sudagar, para tani sesaminipun, punika kasagedanipun namung mligi tumrap padamelanipun. Mila inggih tansah kasor ing prabawa kalijan ingkang sami dados prijantun. Nanging sapunika katah pamulangan, bēndjing watawis taun malih, saged ugi ingkang dados djuru serat punika upaminipun wedalan pamulangan angka II, ingkang dados pandē malah wedalan pamulangan angka I, ing kadjēnipun mesti gumantung wonten katahing pamedal, ingkang dados prijantun temtu boten wani lanjak-lanjak dateng ingkang dados pandē".

(Kirti ndjundjung dradjad, R.T. Jasawidagda).

---

RUNTIKING TYAS.

Sinom.

1. Duk samana langkung ardja, nagari ing Pranaragi, kanggenan natēng Banaran, siniwi ing pra Dipati, sagung mantja nagari, mangkana ingkang winuwus, Pangran Mangkunagara, ngaturken djarahanēki, satilare Dipati Suradiningrat.
2. Saweg prapta ing utusan, saking pangilēning wukir, be-



rana miwah bojongan, badaja sarantjak sami, kalih am-babakali, ingkang wus dadya saladjur, katur marangkang rama, Pangēran ngendak kakalih, Endēl lawan Pambatak ingkang dēn endak.

3. Pambatak ingkang dēn endak, anama Ismajawati, Mario neng Endēlira, kang rama pan ragi runtik: Ija tatane ngendi, wong kinongkon teka rusuh, dēn djak angrata djagad, tetekone nora betjik, karangsangan kaja ambek wong urakan.
4. Wong kinēn mbedah negara, apa saisine nengguh, sajek-ti katur sadaja, lamun ana dēn senengi, enggal barang kinapti, mangsa ta ndadaka luput, mangkono ingkang djamak, nora murang tata-titi, nasak-nasak amurang nagara krama".
5. Wus pinundut kalih pisan, estu duka kang rama Dji, Pangēran langkung atebah, kang raji ingkang tinuding: "Aturna ing rama Dji, tan kudu kanggonan ingsun, ngong tohi karinget rah, ambedah ing Pranaragi, nora katon samene sariraningwang".
6. Nuli plek tan purun seba, ing Setu lan Senēn Kemis, Sang Nata tan ngandika, maksih mijos Senēn Kemis, dē-rēng njana Sang Adji, jēn kang putra rentengipun, tan ana tur uninga, jēn kang putra agung brangti, duk mijarsa saking pawestren Sang Nata.
7. Ingkang putra tinimbalan, Ratu Bendera wus prapti, ing ngarsanira kang rama, ngandika Sri Narapati: Ija kangmasmu iki, teka nora seba mutung, lah ija sumakehan, pradjurit prawirēng bumi, tetekone kaja wus angrata djagad".
8. Kang putra matur tur sembah: "Putra tuwan sanget kingkin, jēn dalu tan antuk nendra, jēn sijang tan antuk bukti". Kang rama ngandika ris: "Wong ugungan kuma - lungkung, kaja wong nora kalah, karo sapadaning djanmi dene agung kapalaju bekakrakan.
9. Jēn adja ana kang tuwa, mangsa nggagapa basuki, mati pinentung wong desa, wong mono jēn duwe pikir, kang ka prah lawan mami, kaja putra Nabi Dawud, ija gawanen



rana, Ēndēl iku kang sawidji". Ingkang putra antukē kalangkung suka.

10. Praptanē pakuwonira, Ēndēlē katur satunggil, wonten leganē kang manah, Pangran Mangkunagarēki, pendak ēndjingē malih, anudjoni dina Setu, metu ing pawatangan sarwi ambekta Walandi, Hanggaima milu watang gegundulan.
11. Nganggo badong agegelang, wong anjander dēn tumbaki, gumuju kang sami mulat, kang rama runtik ing batin, du du panggonanēki, wawatangan lalu lutju, nanging sinamun ing tyas, winawas datan katawis, runtikipun awor wuruning asmara.

(Petikan: Babad Gijanti, R.Ng.Jasadipura I Surakarta, djilid 12, B.P.1938).

---

#### LELAMPAHANIPUN RADEN UDAKAWIMBA.

Katjarijos Rd. Udakawimba karemenanipun anenepi dateng ing redi-redi sarta ing djurang-djurang, pinambeng dateng ingkang rama Kjai Wulusan boten kēnging. Galihipun Rd. Udakawimba kados rinudjit kēngetan sariranipun dumawah ing papa, sande dados gegadanganipun satrija ingkang binadē radja. Ing wantji bakda sembahjang ngisa nilapaken ingkang rama kēsah nenepi dateng ing redi kados ing sabenipun. Nudju wulan purnama hjang sitaresmi kataweng ing imalaja nipis rumamjang ketingal lumampah badē ontjat saking pepeteng; lintang-lintang sami surem sorotipun kados dēnē kenjaring sasangka rudatos angemu susah. Lampahipun Rd. Udakawimba dumugi sukuning redi Kanaka, wonten guwanipun panepēn, angongkang djurang ngubengi redi. Redi Kanaka boten patos ageng nanging mengger, antawis namung saepal mubeng, lambungipun redi ingkang kidul medal tojanipun ladjeng mili mangilen angontjori pasa binan ing Sumberredja, ingkang eler kalētēkan djurang mbanging.



Radēn sarē wonten ing guwa alēmēkan ron palasa a-  
king, akadjang sirah tugelan kadjeng sempu; sedalu merem  
boten saged sarē ngantos mēh gagat ēndjing, boten amanoni  
utawi boten angsal sasmita punapa-punapa, kaken galihipun  
ladjeng sarē pisan. Wantji bjar hjang aruna nJOROTI lawa-  
nging guwa, Rd. Udakawimba wungu saking sarē kagēt ninga-  
li sadasaring djurang njremomong kados wana kawelagar, di-  
pun waspaosaken tētēla jēn mrengangah abrit dēning kaso-  
rotan padanging srengēgē. Radēn ēram ing galih dēnē won-  
ten ketingal anēh ing salebeting djurang, sekuning galih  
badē kanjatakaken dateng ing dasar. Rd. Udakawimba la -  
djeng mudun pados margi ingkang rēpēh, wusana manggih un-  
dak-undakan sela tjendani sampun katutup ing rumput merak-  
an. Radēn ēram ing galih, dēnē undak-undakan wonten ing  
djurang, ladjeng gampil udunipun, namung kantong mijak re -  
rungkudanipun. Dumugi ing ngandap Rd. Udakawimba sumlengē  
ren aningali wedinipun abrit kawoworan emas orē sarta se-  
sotya amantja warni, ketingal pating karelip, saha ēram ma-  
lih tētēla jēn ingkang ketingal abrit wau tutuping kori  
gapuraning kedaton, tembaga sari kagemblēng wonten sorogi-  
pun ageng taksih mandjing. Kori ladjeng kawengakaken gam-  
pil kemawon. Bjar ketingal tjandi kedaton salebeting guwa  
Kados punapa kemawon ēraming galihipun Rd. Udakawimba, saha  
ēram malih dēnē salebeting guwa kados kaswargan, saged pa-  
dang kados kapadangan ing diwangkara, boten sumerep bilih  
sampun wonten pinten-pinten bolongan margi angin ambekta  
pepadang saking djawi. Rd. Udakawimba ladjeng mlebet da-  
kedaton. Dumugi kori ageng kēndel aningali rerengganing  
kori, tutuping kori gemblēngan salaka petak, tinatah ing ka-  
naka angrawit, tebening kori wonten seratanipun Budakala,  
mungel: Sang Prabu Kalapardha, ija Sang Kala Werdati, ge-  
gunungan utawa ratunē diju raseksa kang dedangka saubeng-  
ing guwa sarta gunung-gunung talatah ing nuswa Djawa, kang  
angrenggani sarta akedaton ing Tirtakandas.

Rd. Udakawimba saweg sumerep jēn punika kedaton  
ing Tirtakandas. Ing galih radi adjrih bilih taksih rasek  
sanipun, nanging ing serat pepaken tjarijos purwa Prabu Ka-  
lapardha sampun tumpes sawadya-balanipun, kala andusta Dē-  
wi Erawati dēning wasi Djaladara sarta Radēn Pamadē. Amar-  
gi saking njenjetipun boten wonten sabawa kapireng, nēlak-



aken suwunging kedaton, mila Rd. Udakawimba sirna sumelangipun, korining kedaton ladjeng kasorog menga; sanget eram-ing galih dene boten wonten ingkang ketingal repit, sadaja taksih wetah ajam, rerengganing praba sujasa emas, Raden ladjeng ambikaki gedong-gedong ing salebeting kedaton, sadaja kuntjinipun taksih sami mandjing ing inebipun pijambak pijambak, pinten-pinten radja brana kraton taksih pepak, tuwin bekakas dahar sarwa emas tuwin salaka, wusana ambikak gedong radjabrana, ing ngriku klempaking donja arta emas arta salaka pinten-pinten kulah, emas ore sampun kawadahan ing entjeh ageng pinten-pinten katahipun. Rd. Udakawimba ngandika salebeting galih: "Jen radja brana iki lestari kaduwe ing aku kabeh kasugihanku ngungkuli para ratu ing ngalam donja kang misuwur dewe. Nanging jen luput-luput sembire nganti kauningan ing ratu kang ambawahake padukuh an ing Sumberredja kene wurung sugih, radjabrana kadarbe ing lijan, awake dewe malah kaparentah".

Rd. Udakawimba sampun katjarijos ing ngadjeng jen lantip jejasan pakartining krija, kagungan osik jen saputjaking ardi bade kadamel kedaton, saubenging redi kapasangan beteng, djurang ingkang minangka laripun; djurang kanaka kabobol andjog ing kedaton, mawi pipa ingkang mandangi margi, dados radjabrana lestari kantun wonten ing ngriku, namung kapendet saking enggenipun kemawon. Dasar-ing djurang dados pasimpenan radjabrana agung. Taksih katah malih galihipun Rd. Udakawimba, ladjeng medal saking djurang ladju kondur kepanggih ingkang rama. Kadangu dene ngantos sijang saweg wangsul, Raden matur bilih ketileman wonten ing djurang. Antawis dangu Rd. Udakawimba matur dateng ingkang rama jen anggenipun asring nenepi angsal kamirahaning Pangeran, saged njipta wedi dados emas ore.

Kjai Ageng kaget mireng aturipun ingkang putra: "Tjoba engger, njatakena kawruhmu iku, amesti aku lan kowe dadi wong misuwur".

Inkang putra matur: "Punika boten kenging kasat mata ing sanes, rama, kedah mawi salat kadjat wonten ing re di namung klajan idjen. Menawi kepareng, rama namung nari-maha nampeni saking kula satjekapipun karsa sampejan, sar-ta sakadjeng kula. Nanging menawi kepareng rama sampun



amemantjēni kadjeng kula badē angwedalaken wragad katah, angredjakaken dukuh Sumberredja".

"Ija enggēr,aku bakal nurut ing sakarepmu,nanging njatakna kandamu iku,dadi ora kaja njaturakē wong ngimpi"

"Mangkē dalu kula wangsul nenepi,ēndjing kula wangsul,ambekta kasagahan kula wau".

Bakda ngisa Rd. Udakawimba tindak kados sabenipun, sarta ambekta kandi ageng. Dumugi ing guwa ladjeng sare kemawon,ēndjing mudun dateng ing djurang mlebet ing guwa kedaton,ambikak gedong radjabrana mendet emas orē sakandi ngantos kebak,ladjeng kondur kepanggih ingkang rama. Ingkang rama gita metukaken ingkang putra sarta ladjeng dipun adjak malebet dateng dalem,pratingkahipun kadamel wados. Bebektanipun ingkang putra ladjeng dipun sokaken wonten ing bēri salebeting gedong. Ingkang rama andjenger dēnē wonten emas orē semanten katahipun,nanging ingkang putra boten pisan-pisan ketingal tumut eram. Eramipun sampun katilar wonten ing djurang kedaton ingkang taksih winados. Ingkang putra ladjeng rinangkul,sarta ladjeng dipun pangandikani: "Enggēr,kowē lan aku bakal misuwur sugih radjabrana peparinging Allah; aku kang bakal anglebur emas iki sarta andadēkakē dandanan kang akēh pengadjinē".

Katjarijos Rd. Udakawimba ladjeng angirup tijang krija sami dipun djak gegrija ing padukuhan Sumberredja, dipun tjekapi kabetahanipun. Boten antawis wulan padukuhan Sumberredja dados negari. Karsanipun Rd. Udakawimba dipun leksanani,njitak banon pinten-pinten keti,ngobong gampang pinten-pinten lumbung,tando wedi ngantos kados redi,kasareng panggaraping bēteng sarta pangeburing redi,punapa dēnē pangrakiting kedaton,tuwin margi ageng,margi terusan lan margi simpangan. Dalasan taneman rerengganing kedaton miwah pepetētaning margi-margi wau ingkang murih aub; kadjeng kenari,tjenara tuwin asem,wringinipun katanem ing prapatan,kagalih sarenga dadosipun. Amargi saking kawasisanipun Rd. Udakawimba dadosing negari breng kados negari tiban,upa rengganing kedaton sarwa kentjana, kori djeplakan ingkang mandjing guwa dasar winadi,sumingit ing lengkonganing paningrat panepēn,tinatanan rerengganing



pamudjan asarwa kantjana, bilih kabikak, bolonganipun bumber pinda pipaning margi angin. Wonten timbanipun besatan tarikan sarta uluran kawat bledēg, sakedap saged dumugi ing ngandap, sakedap sampun wangsul dumugi ing nginggil, se nadjan tukangipun ingkang sami nandangi boten sumerep kadjengipun, sarta boten sumerep dasaring guwa.

Wedaling prabēja sadinten-dinten amber kados udaling umbul ing mangsa rendeng, tetijang alit ingkang sami njambut damel sadinten-dinten tanpa witjalan; katah ingkang ladjeng sami andjrak tumut gegrija ing padukuhan Sumberredja. Ērēng-ērēnging redi satjelaking margi ageng kasi pat kadamel pakampungan, traping grija atarik-tarik tiningalan anglam-lami.

Katjarijos Kjai Ageng Wulusan tansah ngalembana ing kagunanipun Rd. Udakawimba, boten njana bilih padukuhan enggal dados negari agemah rahardja, mirah sandang pangan, para djuragan sampun katah ingkang sami dateng saha adamel pamondokan ageng. Tjiptanipun Kjai Ageng: "Radēn Udakawimba tumunten badē kapundut mantu".

(Rangsang Tuban, Ki Padmasusastra).

---

### SERAT SINAWUNG ING SEKAR.

Seratipun satunggaling larē djaler dateng kantjanipun ēstri sami murid ing pamulangan tjalon guru.

Sekar Megatruh, urut denta wjandjana.-

- Ha. Amurwaka megatruh akumaluhur, nadyan temah dēn tam buhi, ing tyasira amituhu, kumedah ngaping kalihi, kintun srat sang ambek kaot.
- Na. Nuwun-nuwun duh kusuma sang maha nung, dasih paduka tur uning, jēn tuhu nedya memanuh, nanging sarana we winih, mrih kotamanē sang sinom.



- Tja. Tjumantaka kawula ajwa tjinutjuh, ginalih nedya angin tjih, mrih rusakē kang humantjur, duh kusuma tuhu tji tjir, ladjering gesang kekantjoh.
- Ra. Ruwijanē rumuhun sampun angruruh, sedyanta amung amurih, widjiling sabda tumurun, mring kula kang ngarih arih, tan darbe untu akerot.
- Ka. Kami purun udjar kawula rinengkuh, tan wrin inganggep ngrerakit, duskarti nedya nalikung, paduka kang tuhu bangkit, mring piala dahat wangkot.
- Da. Duhkitaning tyas hamba lamun binendu, kininten arsa ngregedi, inganggep atindak dudu, begdja kawula dumi, wit iku satuhu adoh.
- Ta. Tarlēn amung ngenganti amrih lumuntur, widjiling sabda duh gusti, nadyan saketjap wus atus, pun dasih lega ing ati, dadya ing mangkya mangretos.
- Sa. Sedy kula ngrantjang lelakon ing bēsuk, nanging kang boja nalisir, mring tindak kang sasr-susur, dadya kita tetep masih, reksa-rineksa lir dēn soh.
- Wa. Wasing manah kawula temahan tuwuh, tembung kula angettjuwis, agalur anguwur-uwur, temahan kusuma dēwi, tan arsa nggapē anawoh.
- La. Lamun-lamun paduka nggega pukulun, nalisir saking tetali, ladjering memitran ulun, lega lila dēn papali, lepat kawula linuloh.
- Pa. Poma amung kinēndelna temahipun, pun kawlas asih tan sipi, tyasira pinda rinapuh, temahan kedah sinapih, memelas lir keneng apos.
- Da. Duh duh aduh kawula tansah angaduh, nityasa katiban undi, gendongan angundung-undung, abotē datanpa tanding, sepen rewang kang ambondot.
- Dja. Djamak temen urip babrajan kang nudju, dedalan marang pangadji, djebul teka pating brendjul, pinda murid kang ingudji, pikirē pating garendjot.
- Ja. Jēn mengkono ēwuh margane anggajuh, kabegdjan ingkang karijin, kudu tan adjrih ginuju, mantep ajwa mojar -



majir, ing tyas tan adjrih margijoh.

- Nja. Njunjak-njunjuk si punggung agonjak-ganjuk, tan ngre ti jēn tiba unjik, ambekē angunjung-unjung, ndērēk omong gonjak-ganjik, katik rembuge mbenjanjong.
- Ma. Mung aturē si pengung kan pinda ngrimuk, mring sang gandanira amrik, inganggepa bendē umung, ing galihē ajwa gimir, jēn tan tegel mundak gumoh.
- Ga. Glagatira pun punggung ingkang gumunggung, pinda padane si pingging, tan bregas angaku bagus, akerot djatine gigis, kuminter mangka tan djegos.
- Ba. Mbrebēs meles kula jēn mentas nggedebus, lir mlampah nēng djurang trebis, pinikir pikiran tembus, ewuh lir ginodēng ēblis, pangrasa presasat ndjeblos.
- Ta. Tak-tukira jēn tiba nora gumatuk, tartantu pating ka lutik, dasar kawula kumentus, nedya manuh sang humanis, tuhu kalamun tan ētos.
- Nga. Ngimpunira kintaka pikiran bingung, sarwi nangis ringik-ringik, ēling mring sang kusumēngrum, tarlēn pi kirē sang mungil, ginaliha amung angop.

(Gubahan: R.D.S.Martana, Klaten).

---

RANDA DJULIG.

Kjai Surawatjana bandjur mapan turu, krasa nikmat, wusana turu kepati, tekenē wuluh gading sinanding turu, diseler menjang njai Gunawitjara, ora weruh, lan bandjur didjupuk isinē; bareng wis, dibalēkake sanding turu manēh. Kjai Surawatjana bareng nglilir bandjur pamitan mulih, ora lali njangking tekenē, nanging ora nitēni jēn teken mau entēng bobotē, bokmanawa lagi tangi turu, durung pepak a - ngen-angene. Bareng lakunē wis adoh, lagi krasa jēn bobot- ing tekenē entēng, bēda karo mau-maunē. Bareng dibukak, temen jēn kotong ora ana isinē duwit. Kjai Surawatjana an-



djenger ora bisa tjalatu, njipta kabilaen gedē saka pang-gawēnē njai randa djulig, enggal bali gegantjangan, bi - ngung kaworan nepsu, sedyane arep masesa menjang njai Gunawitjara. Satekanē njai Gunawitjara ketemu linggih ana ing ambēn, kambi matja lajang, bandjur ditudingi lan diudjar-udjari ala, nganti kami sosolen tjalatunē: "Eh, gento, ketju, maling, asu gerang, endi duwitku, mesti kowē sing njo long duwitku ana teken kiji, duwit dinar, duwit kretas, gunggungē duwitku saleksa rupijah, kotjolong. Nēk duwitku ora kobalēkake, mesti ketiban tanganku, lan dakbanda dakaturakē menjang Prēntah. Bakal dilebokakē dublongan lan bandjur dibuwang sadjegmu urip, ngaku apa ora?"

Njai Gunawitjara diunēni mengkono kuwi ora gugup, sarēh amangsuli lan ora basa, tjelatunē mangkēnē: "Mengkota, kowē kuwi mendem gendjē, apa ēdan, karuhanē lēhku ngelokakē. Ngendi ana teka-teka bandjur nesu, tjotjotē urab-uraban, polahē briga-brigi kaja bangsat kaja diwedēnana mana. Sing ko-amēkake duwit kuwi duwit apa, tegesē keprijē, apa kowē kelangan duwit, apa kowē ndjaluk duwit; sing sarēh taaku ora mlaju lan ora wedi karo dapurmu, lan tak udja sabudimu, prakaran wani, rukun gelem".

Kjai Surawatjana bareng ngrungu tjelatunē njai Gunawitjara entēk atinē lan sarēh nepsunē, mangsuli memelas, tembungē basa: "Milanipun enggal wangsul, bibi, amargi kula ketjalan jatra wonten salebeting teken wuluh gading punika, warni dinar kalijan wang kretas, gunggung saleksa rupijah, kula kinten pun bibi ingkang ambebedung dateng kula, mendet jatra wau".

Njai randa ora pisan anggragap, mangsuli sarēh lan mari nganggo tembung ngoko, ganti andap asor kaja sing uwis, tjelatunē: "E, dados kula punika sampejan terka mendet jatra, wonten salebeting teken wuluh gading punika. Ewed, engger, manawi kula mangsulana pitaken sampejan punika, awit nalar mekaten dēdē gegudjangan, lepat-lepat ing salah satunggilipun manggih bilahi; kula purun mangsuli manawi sampun wonten ngarsaning Parentah. Wangsul kula pitaken dateng sampejan, sampejan ngaken ketjalan jatra ngantos semanten katahipun wau, punika sinten seksi sampejan, kados ta: sapisan saksi ingkang njumerepi nalika pandekēk



sampējan jatra wonten ing teken tētēs kados tjarijos san  
pējan. Kaping kalih: saksi ingkang njumerepi salampah -  
lampah sampējan ingkang boten natē pisah. Kaping tiga:  
saksi ingkang njumerepi panjolong kula. Manawi tigang  
prakawis wau sepen, kekijatan sampējan andakwa dateng ku-  
la punapa ? Mangka nalika sampējan dateng, boten pratēla  
dateng kula bilih sampējan mbekta jatra, malah ngantos  
mantuk, inggih boten wonten reraosan bab jatra. Wusana sa-  
reng sampun antawis dangu sampējan wangsul ngaken kētjal-  
an jatra, wah nawi briga-brigi badē masēsa dateng kula.  
Inkang mekaten punika kōnging kula wastani tijang nga-  
wug awar, tuwin bosen sunerep ing kasaēnan, tegesipun: sam-  
pējan ngaken kētjalan jatra semanten wau nama mokal, ka-  
titik saking solah bawa sampējan boten mantesi. Kadosta:  
panganggē sampējan sarwa luwas, kēsah darat tanpa rēntjang  
andupara jēn sampējan gadaha jatra ngantos ēwon. Wangsul  
kula: sampun kondang nana randa sugih, dasar sugih sajek-  
tos, dados pangungsēnipun tijang mlarat, anargi saking ba-  
laba kula, tur inggih mantesi. Kadosta: grija kula ageng-  
ageng, rerengganipun adi-adi, panganggē kula saē-saē, katah  
aosipun, krēta kula katah bagus-bagus, rakitanipun sami ka-  
pal pepilihan, lumbung kula kebak pantun, saben dinten Dju-  
nuah kula dateng tijang pikir miskin, misuwur nama kula  
saē, kok malah njenjērongi awon, punika boten saē nggēr".

Kjai Surawatjana pegel atinē tansah diurugi tja-  
tur. Tjelatunē mengkenē: "Sanadjan pun bibi mukir, tuwin  
baud paben kados bētēt sēwu, inggih kula terka mendet,  
djer sajektos kula kētjalan jatra. Kalijan salani kula  
gesang boten gadah watak amitenah tijang, ngrubagini ing-  
gih boten, milanipun kedah boten, kula tempahaken dateng  
pun bibi, amargi kula boten rumaos kēndel wonten ing pun-  
di-pundi malih, kedjawi namung wonten ngriki, mila mesti  
sampējan ingkang mendet jatra kula, kala kula tilem".

"O, saja boten leres karsa sampējan punika, nggēr,  
lepat-lepat sembiripun, sampējan malah kula gugat natang  
tuna numbak luput punika sampun kasebut ing angger Nawa-  
la Pradata, boten sandē sampējan dipun denda saprakawisi-  
pun. Aluwung manawi sampējan niturut kadjeng kula, tuwin  
purun ngaken tijang sepuh, punika bokmanawi kula saged



adamel bingah sampējan, pinten banggi saged pulih kasusah-an sampējan. Dēnē manawi sampējan pugal, kedah adamel pre-kawis anggugat dateng Parentah, inggih sakadjeng sampējan, kula badē boten tjolong plaju, malah kula tadahi dada, sabudi sampējan kula kembari."

Kjai Surawatjana bareng ngrungu tjelatunē njai randa, banget andjenger, suwē olehē meneng ora bisa tjelatu Osikē: "Angur takturuta karepē, bokmenawa bisa runtuh atinē, gelem mbalēkake duwitku, oraa kabēh separo utawa kurang aku trima, tinimbang prakaran mangsa menanga, awit aku ora duwē tanda saksi, dalah anak bodjoku dēwē ora takwēnēhi we ruh pandokokku duwit, dadi wis inaku dēwē, saka ngapa menang prakaran".

Bandjur tjelatunē: "Inggih ta, bibi, kula namung mi turut sakarsa sampējan, mangsa gēk sampējan andjolompronga ken boten, saksi lan said Allah, sinten ingkang njidra, inggih boten manggih wiludjeng, tumpes kēlor saanak putu sadaja".

(Durtjara ardja, Ki Padmasusastra).

---

SABDA PANDITA RATU.

Asmaradana.

1. Sigra budal Sri Bupati, saking nagari Semarang, sineng - kalan duk angkatē, ing wijat geni kawajang, ing djanma pan ingētang, gegamanira Sang Prabu, tinon lir sekar setaman.
2. Sumreg kang bala lumaris, budalē saking Semarang, asri tinon gegamanē, akēh warnanē kang bala, wong sabrang lan wong Djawa, swaranē umjung gumuruh, kadi ombaking samodra.
3. Tuhu jēn ratu linuwih, terahing ratu kusuma, putra Naja-ganda mangkē, djumeneng satitahing Hjang, atilar paran-tara, nglalana andon prang pupuh, anglurugi Kartasura.



4. Bisikanira Narpati, Susunan Paku Buwana, prawignja pekik warnanē, kedep dēning wadya bala, mangkja sira winarna, nitih kuda gula gempung, binusanan abra muntjar.
5. Atata lampahing baris, kang wadya pangawat kanan, Dipati Surabajanē, Panembahan ing Madura, wadya pangawat kiwa, kang minangka dadanipun, wadya kumpeni sadaja.
6. Dēnē kang mungging ing wuri, wadyēng pasisir malatar, anggarebeg ing Sang Katong, punggawa ing Kartasura, mjang Patih Tjakradjaja, samja lumampah ing pungkur, rumeksa ing para garwa.
7. Datan kawarna ing margi, sampun prapta ing Ungaran, anasanggrahan Sang Katong, sagung kang para punggawa, akarja pamondokan, dēnē kang dadya pangandjur, ing Lopait sampun prapta.
8. Kawarnaa Komisaris, modjar dateng Tuwan Amral: "Daweg sowan ing Sang Katong, jēn sepi para punggawa, pukul satengah lima, daweg sami anunuwun, marang Gusti Sri Narendra.
9. Jēn wonten pun Adipati, Semarang mangsa antuka". Tuwan Amral lon wuwusē: "Ija bener aturira, lah pajo pada sēba". Anulja sareng lumaku, Komisaris lawan Amral.
10. Punggawa kapanggih sepi, miwah Dipati Semarang, sampun mantuk mring pondokē, Sang Nata kapanggih lenggah, anulja Tuwan Amral, tumameng ngarsa Sang Prabu, mendek sarja tatabean.
11. Sigra Amral matur aris: "Pukulun atur kawula, nengghih patikbra ing mangkē, anglampahi karja Nata, parēntahipun Djēndral, sanadyan dateng ing lampus, tan gingsir ing ngarsa Nata.
12. Lebura dēn kados siti, wadya kumpeni sadaja, tan atilar ing Djeng Katong, nanging panuwun kawula, wontena sih Narendra, dateng kawula pukulun, sinten kang ingarsa arsa.
13. Wonten nagri tanah Djawi, jēn dēdē kekutjah Nata, panuwun kawula anggēr, jēn suka galih Narendra, nuhun uwos kewala, sewu kojan katahipun, nengghih saben-saben warsa.



14. Dadosa tedēng kumpeni, kang djaga ing Naranata, sanget pangadjeng-adjengē, abdi kumpeni sadaja, ing sih Paduka Nata". Jata wau Sang Aprabu, tan modjar mantuk kewala.
15. Amral sigra anenulis, angaturi kang pratanda, jēn sampun sagah Sang Katong, aturē wus katarima, nulja urmat sandjata, swaranē asru gumuruh, ambal-ambalan ping tiga.
16. Kampita para Bupati, mjarsa swaraning sandjata, anarka jēn ana gawē, sigra-sigra sami sowan, dateng ing pasang grahan, Amral sampun pamit mantuk, dateng ing pondokan-ira.
17. Sagung kang para Bupati, wus praptēng ngarsa Narēndra, Sang Nata alon wuwusē, dateng Dipati Semarang: "Hēh, ki bēsan, si Amral, mau asēba maringsun, lan si Kenol akalijan".
18. Wus tinutur atur nēki, gegetun sang Adipatya, Suradimenggala turē: "Mila Paduka Narēndra, boten nimbali amba, wontena patikbra wau, sumados lamun datenga.
19. Anuhun mring Narapati, Gusti kumpeni punika, sakalangkung naratjakē, jēn rinodjong aturira, nenggih sangsaja-saja, anglandjak ing aturipun". Angandika Sri Narēndra.
20. Sarja angungun Narpati: "Sapuluh-puluh ki bēsan, apa kang tjinatur manēh, apan udjar wus kaliwat, nanging bēsuk ki bēsan, dēn ngati-ati ing kalbu". Sang Nata wus masanggrahan.

(Petikan: Babad Tanah Djawi djilid 17, Bale Pustaka 1940).

---

BOTEN KĒNGING DIPUN RAOSI.

Kala semanten Radēn Mas Rijanta nunten mampir ing grijanipun Radēn Mas Durjat, sijangipun terus kondur da -



teng ing Sala nitih krēta sēwan, ing margi boten katjari-  
jos, dumugi ing nagari sampun serap surja, terus ndjudjug  
ing Tamansari ing dalenipun Kjai Panrajoga. Kaleresan  
sang Dipati pinudju lenggah ing pendapa pitekur, tjiptani-  
pun: "Hem, teka mesakakē temen randanē mitraku, djer sing  
dadi memaniking tingalē wis ora ana manēh kedjaba ndara  
Rijanta, mangka wis nganti antara ora ana pawartanē. Hem,  
baja menjang ngendi paranē botjah iki! Kang dipitaja nggo  
lēki wis ora ana manēh kadjaba aku, menjang ing ngendi  
bakal nggonku ngupaja. Hem, jēn digagas, lelakonē manungsa  
iki kabeh atas karsanē Kang Murbēng Titah, dadi jēn ora  
kanti pitulunganē Allah, nglengkara bisanē nemokakē ndara  
Rijanta".

"Hrem! Hrem!" Radēn Mas Rijanta dehem.

Kjai Dipati kagēt nguwuh: "Sinten niku?"

"Kula".

"Kula sinten?"

"Kula Rijanta".

"Sinten? Rijanta?"

"Inggih".

Kjai Dipati ladjeng ngadeg saking kursi anjelaki  
sarwi angiling-ilingi, sareng sampun tjeta paningalipun,  
Radēn Mas Rijanta enggal rinangkul gapjuk, pangandikanipun  
"Ēē, anakku ngger, Premadi!"

"Kula, wa".

"Katik ana wong ora kena dirasani, saking pundi eng  
ger?"

"Saking dolan kemawon".

"Aduh anakku ngger, mangga lenggah rumijin. Ē, ē, i-  
bunē, gilo ana dajoh". Inggang raji medal saking ing dalem  
ladjeng ataken: "Dajohē sapa ta pakne?"

"Ta, gilo mrenea!" Sareng Radēn Aju sumerep Radēn  
Mas Rijanta, sanalika ladjeng nggablogi sarwi gumudjeng la  
tah: "I, gandrik, djebul wis kondur, anakku, elo, katik impen-  
ku ndaradasih, pakne, dek mau bengi rak tak impēkake kondur  
anakmu, pakne! Saking tindak pundi bendara?"

"Saking mlantjong, uwa".



Radēn Aju ngandika: "Boten, satemenē mawon rak rojal ta ?"

"Ah siwa ki, boten kok wa, tijang namung dolan sa - jektos".

Kjai Dipati takēn: "Punika wau sampun ndjudjug ing dalen punapa dērēng ?"

Wangsulanipun: "Jektosipun kula punika wau mentas saking Bajalali, terus sowan mriki, amargi saking sanget kangen".

"O, enggēr, boten kadosa, susahing manah kula tuwin ingkang ibu, kala wingi sonten kula rak mentas sowan ingkang ibu, dipun ngendikani: O, kakang, saiki anakmu Rijanta rojal".

"Hen, siwa, ki!"

"Saestu kok enggēr: Wis sesasi iki anakmu olēhē lunga, tur tanpa panit. Anu, kang, saiki anakmu Rijanta wis sutik dak tunggoni".

"Hen, siwa ki ! Punapa inggih ?"

"Ē, jektos kok: Anu kakang, ajakē bungah nek dak tinggal mati".

"Ēh, siwa ki kok anēn ngono!"

"Jektos kok, tjobi pandjenengan ndangu pun uwa: Rak ija, ja bunē ?"

"He-eh!"

"O, enggēr, boten kadosa, kula punika tumut sedih. Sedih kula teka ngungkuli kētjalan anak kula pijambak".

"Punapa uwa mentas kētjalan putra ? Kados pundi kok itjal ?"

"O, anu kok enggēr, namung itjal ketilapan, nanging sampun pinanggih kok".

"Inkang itjal punika putra ingkang pundi, ta uwa ?"

"Anak kula rak namung satunggal til pun Srini ta enggēr, punapa pandjenengan dērēng wanuh ?"

"Dērēng, malah dērēng natē sumerep. Hla, menggah itjalipun sakawit kados pundi, sarta ladjeng pinanggih wonten pundi ?"

"O, bokmanawi pandjenengan boten priksa, kala komidēn kebesnēn punika kula nudju ningali kalijan pun uwa tuwin pun genduk, sareng kula saweg badē tandang, keng bakju ladjeng ketilapan. Dēnē ingkang manggihaken inggih pun



uwa pijambak, katjarijos wonten ngadjeng lesmēn punapa kados pundi !"

Saking sangeting leganing panggalihipun, sanalika Radēn Mas Rijanta ngantos mēh gumudjeng, nanging kaampet, tjiptanipun: "Hem, wis genah saiki, kaja apa baja jēn aku kotemu". Radēn Mas Rijanta boten ngladjengaken pitakēnipun, amargi lingsem bokbilih kasumerepan jēn saliranipun ingkang manggih, mila ladjeng sinamun ing rembag sanēs, nanging ing batos kendat anggenipun anganta-anta

Kala semanten Radēn Mas Rijanta ladjeng kaadjak kembang dahar, saha ladjeng lelangen klenengan, karena gangsa sampun tjumawis, nijaga tjelak-tjelak grijanipun. Radēn Mas Rijanta ngasta gender, bautipun Radēn Mas Rijanta ngungkuli nijaga Kemlajan, dēnē kjai Dipati angasta rebab. Kala semanten ngantos sadinten sadalu anggenipun Radēn Mas Rijanta asuka-suka sinuba-suba dening sang Dipati, ananging dērēng saged sumerep ing Radēn Adjeng.

#### Panglipuring panggalih.

Kala semanten Radēn Mas Rijanta ladjeng lenggahan wonten gadri wētan pijambak kalijan nggagas anggenipun manggihi kjai Dipati, ing batos sanget lingsem, dēnē ngantos kasumerepan menggah trustaning panggalihipun, ananging ladjeng pinupus, amargi ladjeng enget dateng pepestening lelanpahan, wasana ladjeng birat rudatosipun.

Wekdal punika Radēn Adjeng Nēstri, rajinipun Radēn Adjeng Srini sanēs ibu, pinudju dolan dateng ing patamanan, awit saking sanget kulinanipun kalijan Radēn Mas Rijanta, dolan wonten ing ngriku runaos kados wonten ing grijanipun. Sareng Radēn Mas Rijanta mirsa Radēn Adjeng Nēstri, sanalika kumenjut kēngetan dateng warninipun Radēn Adjeng Srini, temah ladjeng rudatos malih, margi tjiptanipun: "Jēn aku weruh Nēs, mesti kok bandjur kerasa-rasa, kelingan sing ora-ora, hem, apa Nēs dak penging rēnē. E, Nēs, Nēs !"

"Kula".

"Mampira rēnē sedēla, nduk, aku kangen". Radēn Adjeng nunten narak njenbah.



"Ngadega baē, rēnēja dak takoni, aku kangen".

Radēn Adjeng nunten ngadeg tjaket ing palenggahan.

Radēn Mas Rijanta andangu: "Nēs, Nēs, aku krungu kabar dja-rē bakjumu arep dadi pengantēn, bēsuk apa ta Nēs ?"

"Adalem boten sumerep".

"Apa ijok, dadi aku wis krungu kabar ki".

"Angsal sinten ?"

"Anu, entuk prijaji ing Rembang, djenengē Danur - Danur mengkono aku lali, aku mekas ija Nēs, jēn ketemu bakjumu, nanging jēn pinudju ora ana uwong, takona, djenengē prijaji mau Danur sapa, karo kandaa, aku arep njumbang, bakjumu ndjaluk sumbangan apa ?"

Menggah karsanipun Radēn Mas Rijanta wau perlu kanggē njulik panggalihipun Radēn Adjeng Srini.

"Nan-dalem mangkē punapa boten tindak mrika ?"

"Mrana ana apa ta ?"

"Jēn nan-dalem tindak, adalem ngentosi, jēn boten inggih boten".

"Eh, wong awakku rada ora kepēnak kok Nēs !"

"Inggih sampun adalem njuwun mandap".

"Mengko disik ta, kowē ki nek mreñē kok kesusu, wong enggonku kangen durung mari, kowē selak arep apa ta ?"

"Anu, welingipun bakju boten pareng dangu-dangu".

"Njang bakjunē kok wedinē ora djamak, apa kowē ki sok didukani bakju ?"

"Inggih!"

"Ja sukur ta Nēs, jēn kowē wedi mituhu karo bakju, wong aku dewē ija wedi kok Nēs, njang bakju kuwi".

"Punapa inggih ?"

"E, ija, wong bakjumu kuwi antengē rada njengit".

"Hik, hik, hik".

"Hlo, kok ngguju, rak ija ta, wis ta Nēs, jēn kowē arep mulih dak lilani, mung wekasku adja lali, hlo!"

(Serat Rijanta, R.B.Sulardi).



K A L A T I D A.

Sinom.

1. Mangkja daladjating pradja, kawurjan wus sunja ruri, rura pangrehing ukara, karana tanpa palupi, atilar silastuti, sardjana sudjana kelu, kalunglun kala tida, tidem tandaning dumadi, ardajengrat dening karoban rubeda.
2. Ratunē ratu utama, patihē patih linuwih, pra najaka tyas rahardja, panekare betjik-betjik, parandēnē tan dadi, palijasing kala bendu, malah sangkin andadra, rubeda kang ngriribeti, beda-beda ardane wong sanegara.
3. Katatangi tangisira, sira sang parameng kawi, kawilet ing tyas dukkita, kataman ing reh wirangi, dening upaja sandi, sumaruna anarawung, pangimur manuara, net panrih melik pakolih, temah suka ing karsa tanpa weweka.
4. Kasok karoban pawarta, babaratan udjar lamis, pinudya dadya pangarsa, wekasan malah kawuri, jen pinikir sajekti, mundak apa aneng ngajun, andeder kaluputan, siniraman banju lali, lamun tuwuh dadi kekembang ing beka.
5. Udjaring paniti sastra, awewarah asung peling, ing djaman keneng musibat, wong ambek djatnika kontit, mengkono jen niteni, pedah apa amituhu, pawarta lalawara, mundak angreranta ati, angur baja ngiketa tjariteng kuna.
6. Keni kinarja darsana, panglimbang ala lan betjik, sajekti akēh kewala, lalakon kang dadi tamsil, masalahing nga urip, wahananira tinemu, temahan anarima, mupus pepestening takdir, puluh-puluh anglakoni kaelokan.
7. Amenangi djaman edan, ewuh aja ing pambudi, milu edan ora tahan, jen tan milu anglakoni, boja kaduman melik, kaliren wekasanipun, dilalah karsa Allah, begdja-begdjanē kang lali, luwih begdja kang eling lawan waspada.
8. Samono iku bebasan, padu-padunē kapengin, enggih mekaten Man Doplang, bener ingkang angarani, nanging sadjroning batin, sadjatine njamut-njamut, wis tuwa arep apa, muhung mahas ing ngasepi, supajantuk pangaksamane Hjang Suksma.



9. Bēda lan kang wus santosa, kinarilan ing Hjang Widi, satiba malanganēja, tan susah ngupaja kasil, saking ma ngunah prapti, Allah aparing pitulung, marga samaning titah, rupa sabarang pakolih, parandēne maksih taberi ihtijar.
10. Sakadare linakonon, mung tumindak mara ati, angger tan dadi prakara, karana wirajat muni, ihtijar iku jekti, panilihing reh rahaju, sinambi budi daja, kanti awas lawan eling, kang kaesti antuka marmaning Suksma.
11. Ja Allah ja Rasulullah, kang sipat murah lan asih, mugimugi aparinga, pitulung kang anartani, ing alam awal akir, dumunung ing gesang ulun, mangkja sampun awreda, ing wekasan kadi pundi, mila mugiwontena pitulung Tuhan.
12. Sageda sabar santosa, mati sadjroning ngaurip, kalis ing reh aru-ara, murka angkara suningkir, tarlèn meleng malatsih, sanityaseng tyas manasuh, badaring sapu denda, antuk majar sawatawis, borong angga suwarga mesi martaja.

(Petikan: Andaran Kalatida Ranggawarsitan dening Bratakesawa, Pustaka Nasional Surabaja).

---

### SIJUNG WANARA.

Katjarijos wonten adjar, atapa ing redi Padjadjaran anama adjar Tjepaka. Misuwur jēn tasdik, sumerep samukawis kang dēreng kalampanan. Wartos punika sampun katur ing sang Nata. Sang Prabu karsa ngajoni kasagedanipun kjai adjar, dawuh dumateng pepathipun andikakaken dateng redi, kepanggih kalijan ki adjar, sarta mbekta kelangenan selir. Prenahing wetengipun kinandutan bokor, sampun kados tijang wawrat mekaten, supados dipun batanga dateng kjai adjar djaler estrining wawratipun.



Ki patih ladjeng lumampah dateng ing redi, ndawah-aken timbalanipun sang Nata dateng ki adjar. Kjai adjar sumerep, jēn dipun ajoni kasagedanipun dateng sang Nata. Wawratan wau dipun badē djaler.

Ki patih sampun mundjuk dateng sang Prabu. Sang Nata sanget suka ing galih, awit ki adjar wau kagalih dora. Sareng selir dipun rutjati tapihipun, bokor boten wonten, estu ing wawratipun. Sang Nata sanget duka, ladjeng ndawah aken parentah medjahi adjar. Sapedjahipun ki adjar wonten swara kemirengan ing sang Nata. Udjaring swara: "Eh sang ratu ing Padjadjaran, aku ko-patēni tanpa dosa. Besuk aku males menjang kowē. Jēn ana wong, aran Sijung Wanara, ing kono nggonku males".

Anunten nagari Padjadjaran kēnging wewelak ageng. Katah tetijang kang sami pedjah, ndadosaken prihatosipun sang Nata. Ladjeng nimbali para nudjum, sang Nata kapurih suka-suka adahar etja. Sabibaring dahar ladjeng njare<sup>n</sup>ana tijang estri. Punika ingkang minangka tetulaking pagering Nanging sang Nata ing bendjing badē manggih bilahi, dipun sedani dēning putranipun pijambak, ingkang medal saking garwa selir.

Sang Prabu inggih nglampahi ing pitedahipun para nudjum. Sabibaring kasukan dahar etja, sang Nata wuru sanget, ladjeng njare<sup>n</sup>i selir, pinudju ingkang dipun batang wawrat dateng ki adjar wau. Sareng sampun ndungkap ing mangsa, wawratipun medal djaler. Sang Nata kēngetan pambatangipun para nudjum. Djabang baji ladjeng dipun tedani wisa, nanging boten pasah. Anunten badē dipun suwēk-suwēk, nanging para inga mambengi. Rembagipun, bilih sang Nata kekah ing karsa badē medjahi djabang baji, prajogi kalebetna ing tabela, kabutjala ing lēpēn Krawang. Sang Nata inggih sampun marengi, djabang baji kalebetaken ing tabela, la - djeng dipun kēlekaken ing lēpēn Krawang.

Tabela ingkang dipun kēlekaken wau kapend<sup>e</sup>t ing tijang mantjing, anama kjai bujut ing Krawang. Sareng dipun bikak, ing lebet isi djabang baji, abagus warninipun. Kjai bujut sakalangkung suka ing manah. Ladjeng kabekta mantuk kapasrahaken dateng semahipun. Njai bujut sarehning boten



gadah anak, dados sanget ing bingahipun. Djabang baji dipun pulasara. Sareng sampun diwasa, boten pitadjeng jèn kjai bujut bapakipun sajektos. Sanget anggènipun ngudi nedā dipun djatēnana. Kjai bujut, saking anggènipun badē nglegani pitakēnipun, dados adamel dora, asandjang jèn gadah saderekan, atapa wonten satengahing wana, sumerep sadereng winarah. Mesti saged nglegani ingkang dados pitaken wau. Punika prajogi, jèn dipun pitakenana. Tjiptanipun kjai bujut: "Mangsa kalampahana, ki djaka purun dateng wana, awit saking tebihipun". Ananging lepat panjiptanipun, ki djaka nedā dipun aterna dateng wana. Sareng sami lumampah, ki djaka ningali ketek kalijan peksi sijung, ladjeng pitaken dateng kjai bujut menggah ing wastanipun. Kjai bujut inggih njerapaken namaning bebudjengan kalijan peksi wau. Ladjeng kapendēt dados namanipun pijambak. Ki djaka dados nama Sijung Wanara.

Sareng sampun dumugi anggènipun sami lumampah, Sijung Wanara pitaken grijanipun saderekan wau. Kjai bujut kewedan ing manah, njelimpangaken, asandjang, jèn saderekipun sampun ngalih dateng nagari ing Padjadjaran. Padamelanipun pande. Sijung Wanara sakelangkung bingahipun, tjip-ta, badē sumerep ing nagari. Nedā dipun aterna dateng grijanipun pande. Kjai bujut nuruti. Sadatenge ing grijanipun pande, Sijung Wanara kapasrahaken, ladjeng katilar mantuk.

Salaminē wonten grijanipun pande, Sijung Wanara sinau pande. Boten antawis lami sampun saged, aparon dengkul apalu asta, asupit dridji. Katah tijang sami dateng grijanipun, ningali kasektenipun djaka Sijung Wanara.

Anudju djaka Sijung Wanara kēsah dateng peken kalih kjai pande, gadjahipun ratu ing Padjadjaran saweg dipun gujang. Sareng ningali dateng Sijung Wanara, ladjeng murugi, mendak wonten ing adjenganipun. Jèn sageda witjanten, semunipun mekaten: "Gusti, suwawi kula sampejan titihi, kula bekta sowan dateng rama djengandika sang Prabu" Gadjah dipun usap gadingipun. Sakatahipun ingkang ningali sami eram.

Katjarijos sang Prabu ing Padjadjaran mijos sinēba ing balanipun, saweg kelangenan ngaben prang tanding.



Djaka Sijung Wanara nonton. Dipun ampah dateng kjai pande boten kenging. Sadatengipun ing pasowanan ladjeng djar lenggah kalijan sang Nata. Boten wonten ingkang sumerep. Anunten lumebet ing kadaton, kandeg wonten ing balé sawo. Wondene balé sawo punika, bilih dipun gepok, mungel kados gangsa sarantjak. Balé ladjeng dipun lenggahi dateng djaka Sijung Wanara. Mungel, swaranipun umjung, adem kagetipun sang Nata. Dukanipun nglangkungi, ladjeng ndawahaken parentah, njepeng ingkang purun-purun nggepok balé. Para abdi mantri sami lumampah, Sijung Wanara pinanggih tilem wonten ing balé sawo, ladjeng dipun tubruk. Sijung Wanara akekirig. Para mantri-mantri mlesat, katah ingkang katiwasan. Sakantunipun ingkang katiwasan sami lumadjeng, ngundjuki uninga ing sang Prabu. Sang Nata kedugi ing galih, sumerep kasektenipun Sijung Wanara. Ladjeng kaabdekaken, sarta asring dipun utus ngirit, pradjurit mbedah nagari. Saben-saben angsal damel.

Saking sanget sihipun sang Nata, Sijung Wanara kadjundjung lenggahipun, kaparingan nama Arja Banjak Widé, sarta alenggah siti karja saleksa. Kedjawi saking punika kaaken putra, kawenangaken angetrapaken paukuman badan sarta paukuman pedjah.

Arja Banjak Widé nglempakaken sakatahing pande, dipun dawahi damel kantil wesi mawi kori. Sareng sampun dados sarta sampun karengga, kaprenahaken wonten ing dalemipun.

Kala semanten nagari Padjadjaran kadatengan mengsah. Sang Prabu unggul perangipun. Arja Banjak Widé mundjuk ing sang Nata, jèn gadah nadar, bilih sang Prabu unggul ing perang, dipun aturi kasukan dahar etja wonten ing dalemipun. Sang Nata inggih marengi, ladjeng tedak dateng dalemipun Arja Banjak Widé, badé kasukan dahar etja. Sabi baring dahar sang Nata ningali kantil wesi, ndangu dateng Arja Banjak Widé menggah pikantukipun adamel kantil kados mekaten punika. Arja Banjak Widé matur: "Kantil punika, bilih tijang lesu tilem wonten ing riku, dados seger, jèn gerah dados asrep, jèn asrep dados gerah. Tijang sakit ladjeng waluja". Sang Nata karsa ngajoni nunten sarean wonten ing kantil wesi. Sareng Banjak Widé ningali sang



Nata sarēan, korining kantil ladjeng dipun kantjing, rēntjangingpun dipun ken ndjundjung, badē dipun labuh dateng lepēn Krawang. Sang Nata sanget ing dukanipun, ndangu dosanipun. Wangsulaniupun Banjak Widē, sarēhning kala taksih alit kalabuh ing lepēn Krawang, ing mangkē males dateng sang Nata. Kantil wesi ladjeng sijos kalabuh.

Anunten kauningan dateng putranipun sang Nata, kang nama Radēn Susuruh. Ladjeng mepak dedamel, badē nje-peng arja Banjak Widē. Boten antawis dangu nunten perang ramē. Balanipun Banjak Widē katah ingkang pedjah, amargi dipun amuk dateng Radēn Susuruh. Banjak Widē medali, metuk aken Radēn Susuruh. Kepanggih adjeng-adjengan. Radēn Susuruh dipun lepasi djemparing, kēnging paningsetipun, tatas. Radēn kewirangan sarta giris, mundur, ladjeng lolos.

( Babad Tanah Djawi ).

---

RUKUN AGAWĒ SANTOSA, TJRAH AGAWĒ BUBRAH.  
Dandangula.

1. Ing apawong mitra ajwa kadi, rēhing sang singha lawan sang wana, atut arukun waunē, reksa rineksa kukuh, bosen dēnja memitran nuli, dadya abebanggēlan, sang singha lingipun, si alas iki jēn adja, sun reksaa atēnah wus ru sak dēning, manungsa dadya tegal.
2. Parandēnē jēn sang alas iki, angresula kanggonan waking wang, sang alas iki udjarē, sang singha iku lamun, adja ana ija wak mami, adja sun alingana, sajekti kadulu, dēning kang para manungsa, ija mangsa singha manggiha basuki, pastinē pan pinatyan.
3. Mangkana sang singha tilar aglis, kēsah saking sadalem-ing wana, singha djedjurang djudjugē, tan antara kadulu, dēning para manungsa sami, rinudjag pinatēnan, sang singha gja lampus, sapedjahē ponang singha, alas ika binabad an sirna enting.



4. Dēn̄nja wus tan ana dēn̄ adjrihi, singha wana sareng sir-  
nanira, jeka manawa aranē, alanē kang tumuwuh, bebanggē-  
an arebat titih, prajoganē ngagesang, ajwa tan darbēku,  
maha sraja kang utama, ing tegesē pawong sanak kang li-  
nuwih, atēlada sang naga.
5. Duk binuru mring sang kaga pati, sangka naga dumadak ka  
pedak, lan Batara Sramba lingē, heh sang naga sireku, a-  
ngapaa lumaju nggendring, sang naga aturira, amba punika  
jun, minangsa ing sang garuda, saking dahat adrih manawi  
binukti, angling Batara Sramba.
6. Mengko sira apa arep urip, ija ingsun kang tumulung si-  
ra, sang naga sembah aturē, inggih kawula nuwun, ing pitu  
lung tuwan sajekti, amanggiha rahardja, Batara gja muwus  
enggal sira kumalunga, djangganingsun: sang naga amulet  
aglis, ing sarira Batara.
7. Sigra prapta sang narēndrapaksi, anon ing sang naga pan  
wus ana, ing Batara sariranē, dadya nir krodanipun, sang  
garuda arsa ngabekti, mring sang Batara Sramba, awirang  
satuhu, dēn̄nja naga neng sarira, arsa datan ngabekti ka-  
langkung adjrih, bok kena ngila-ila.
8. Dadya peksi nembah saking nginggil, wusnja nembah ing  
Dēwa gja kēsah, jeka sraja pakantukē, Nahan malih winu-  
wus, ing tenaja sajogjanēki, manuta sireng jajah, solah  
tingkahipun, kadi ta bulus jēn masa, lagja ngendog pi -  
nendem tinilar nuli, parandēnē kang tigan.
9. Lamun netes tan siwah ing warni, salir tingkah mjang  
kadojanira, atiru wong atuwane, jēn mina sutanipun, duk  
anigan tinilar sami, masanē netes samja, nusung pan ati  
ru, solah tingkahē wong tuwa, mjang sutaning peksi pan  
mangkana malih, satingkah paribawa.
10. Jēn ing manungsa pan datan kadi, kang mangkana kaliwat  
rumeksa, duk alit ing wong tuwanē, rineksēng buktinipun  
mjang winulang ing kramaniti, prandēnē jēn wus tuwa, a-  
rang kang atiru, keh tinggal bawaning bapa, solah ting-  
kah sutaning wiku keh dadi, durdjana murang raras.
11. Sutaning durdjana akēh dadi, pandita tama ambek rahar-



dja, tan tilas ing wong tuwanē, sajogjanē sang wiku, a-  
jwa esah dēnnja ngabekti, dēn kukuh tapa brata, nira su  
pajantuk, pakolēh muljaning pradja, lamun tuhu pangestu  
ning para seri, pradja antuk rahardja.

(Petikan: Niti sastra, R. Ng. Jasadipura  
II, Surakarta).

---

### OTO MOGOK.

Tik-tiking sekon dados menit, klempaking menit da-  
dos djam. Sareng sampun sawatawis djam anggenipun wonten  
salebeting oto mogok ingkang kinepang pepeteng, grimis lan  
angin ngidit, dumadakan katjaning tēnda ingkang wingking  
mak bjar, katingal padang. Padangipun terus dateng katja  
ngadjeng, njrambahi salebeting oto. Sadaja sami noleh da-  
teng wingking. Ingkang wonten bak wingking ngindjen saking  
katja, ingkang wonten bak ngadjeng kepeksa manglung dateng  
djawi, nanging namung sakedap ladjeng mlebet malih, amargi  
sapisan ing djawi taksih grimis, kaping kalih silo dēning  
soroting lentera ingkang dateng.

Anakipun gugup, sandjang dateng bapakipun kalijan  
katingal bingahing manah: "Hla punika wonten oto mriki,  
pak !"

"Ija pak, djadjal diendeg, bokmanawa taksi barang".

"Ija, nanging kiraku dudu taksi, awit jēn taksi lu-  
mrahē lenteranē ora ..... ". Saweg dumugi seman-  
ten kapunggel dēning swara ..... Hrrrrrrr - Sssssst.  
Oto wau kendel ing wingking leres.

Kenēking oto mandap rumijin, nggandjel roda wing-  
king, awit wonten ing margi sumengka. Lentera ngadjeng ka-  
lih pisan dipun pedjahi. Zoeklicht dipun gesangaken, puna-  
pa dēnē motoripun inggih taksih dipun gesangaken prelu  
kanggē nggesangaken zoeklicht.

Sopiripun ladjeng medak, murugi oto ingkang mogok.



Sanadjan wekdal samanten taksih grimis, boten karaosaken. Sareng tjelak sopir ladjeng taken, tembungipun andap asor:

"Kados pundi ndara, kēndel wonten ngriki ?"

Prijantun djaler wau ladjeng medak saking oto lan maspadakaken dateng ingkang taken. Ing manah kewedan anggenipun suka wangsulan, awit ingkang taken wau radi ngodengaken manah. Sabab larenipun bregas, nanging sami ketinggal pating dlemok tilas kenging lisah, tur rambutipun morak-marik, mēper jēn namung sopir taksi. Langkung-langkung manawi ngēngeti anggenipun njabat ndara. Ewadēne ing manah dērēng sreg. Badē nggenahaken sinten pijambakipun, inggih kirang sakētja, boten tjunduk kalijan empan papanipun. Mangka anggenipun taken wau badē suka pitulungan. Mila amrih sakētjanipun ladjeng mendet palih-palih. Suka wangsulan mawi tembung madya, makaten:

"Rēwēl, mogok boten purun mlampah !"

"Inkang rēwēl punapanipun, ndara ?"

"Kula kirang terang".

"Punapa dalem kapareng nuwēni ? Bokbilih saged ngleresaken".

"Kēnging ! Wē, lah, kleresan !"

Sadangunipun sopir tumandang, prijantun ēstri kalih ingkang wonten ing wingking sami ketinggal bingah. Gadah pangadjeng-adjeng badē sumingkir saking kesisahan.

"Na, Na, Kasna !"

"Kula".

"Hara djadjal iki kabēh bukakana !"

"Enggih".

Sareng sampun dipun bikaki sadaja, ladjeng dipun tingali. Sarehning soroting zoeklicht saking wingking boten saged dawah ing motor mogok, anggenipun ningali inggih boten saged terang, mila ladjeng neda sumerep dateng prijantun ingkang gadah.

"Punapa sadaja sampun resik, ndara ?"

"Jēn bab resik kula tanggel, nanging renggang rapetē setelan kula boten ngretos, wiwit rumijin boten kula



ēwah-ēwah".

"Bab renggang rapetipun kados sampun tjekepan, sadaja sampun dalem gagapi".

"Pantjēn wingi-wingi enggih boten natē rēwēl".

"Slingeripun wonten pundi, ndara?"

"Niki, onten ngriki". Kalijan nedahaken bak ngadjeng.

"Na, kaē slinger djupuken!"

"Enggih".

"Sarēhning grimisipun taksih, mangga ndara lenggah nglebet kemawon!"

"Boten dados napa".

"Boten ndara mangga lenggah kemawon, adalem sampun kulina dateng djawah lan bentēr, pandjengan dalem kirang prajogi".

"Ning rasanē kok kirang sekētja, wong ditulungi kok malah ngēnak-ēnak".

"Boten ndara, sampun kagalih kados pundi-kados pundi. Jen pandjenengan dalem boten lenggah nglebet, ngrendeti pa damelanipun adalem, amargi manahipun adalem ladjeng kirang tentrem, dēning sumerep pandjenengan dalem kegrimisan tur wonten ngriki, papan ingkang hawanipun asrep".

"Enggih ta jēn ngoten".

"Wis, Na, puteren sing adjeg ja, Na!"

"Enggih".

Sareng sampun kaputer kinten-kinten samemit da --  
ngunipun sopir ladjeng matur malih:

"Punapa kapareng dalem bikak?"

"Mangga, mangga!"

"Na, oborana nganggo rēk ja Na! Nanging ngati-ati adja ketjedaken, awit tēngē wadāh bēnsin oto iki ana ngarep jēn ana pipa sing botjor barang".

"Enggih pun".

Sareng sampun kabikak sarta dipun tingali, ladjeng prēntah dateng kenekipun:

"Na, ndjupuka gombal!"



"Enggih".

Prijantun ingkang gadah oto njelani:

"Kados pundi?"

"Boten punapa-punapa, ndara. Kintenipun adalem, samang  
kē saged gesang".

"Sukur ta!"

"Niki lo gombalē"

"Resik ora, Na?"

"Resik sanget, tijang niku halsdoek kula".

"Halsdoek kok kaja ngēnē ?"

"Kantenan blatjo adjeng kula damel kotang boten si-  
da".

"Kok ora sida ana apa?"

"Tijang taksih kirang".

"Hla tuku kok nganti kurang?"

"Tijang niku boten tumbas kok. Dek bapak pedjah nika  
ulesē turah, ha enggih niku turahanē".

"Wis iki nja!"

"Pundi ngriki, adjeng kula anggē kudung, wong taksih  
grimis. Kula niki sok mumet jēn kegrimisan".

"Pambekannu kaja ndara menggung. Wis iki, businē pa-  
sangen. Sing kentjeng ja!"

"Enggih".

Busi ingkang kabikak sampun kapasang malih, sarta sa-  
nēsipun sampun kentjeng sadaja, kekeping motor dipun tutup-  
aken malih, sopir ladjeng sandjang:

"Samangkē tanggel gesang motoripun ndara!"

"Wah, ketrима banget, kuwi Tin dompētku ana ngesak ku-  
wi djupukna!"

"Mangga pak".

"Ndara, mangga dipun setater".

Oto dipun setater ladjeng gesang, lentēra bjar padang.

"Sampun ndara, mangga ladjeng tindak, amargi sampun  
djam sedasa".

"Niki lo!" Sandjang mekaten wau kalijan ngulungaken  
tangan ingkang sampun isi arta.

"Sembah nuwun ndara, mangga ladjeng tindak kēnawon,



adalem ndērēkaken ing wingking".

Sopir terus murugi otonipun pijambak kalijan nggēret rambutipun Kasna, awit Kasna mlongo dēning lurahipun boten purun nampēni arta. Mangka sajektosipun sampun kumetjer sumerep tanganipun prijantun isi arta wau. Mila ing semu gela sanget dēning mlēsēd pangadjeng-adjengipun tapi panduman. Satemah namung ngingetaken kalijan mlongo. Nanging dērēng ngantos kasumerepan dēning ingkang badē suka gandjaran kasesa dipun sērēd sopiripun.

(Ngulandara, Margana Djajaatmadja).

---

BANDJIR LUDIRA ASARAH KUWANDA.

Durma.

1. Rong prakara pilihan salah satunggal, punapa nungkul aris, punapa lumawan, jēn nungkul lah sumangga, kērida ing lampah mami, mupung rakanta, mangkja aneng makikis.
2. Jēn lumawan dēn ēnggal tata-tataa, tan wun pinreping djurit, alon angandika, Sri Kusumawitjitra, ingsun tan darbē pamilih, amung kumambang, sakarsaning Dēwa di.
3. Gemah rusak mangsa borong kang kuwasa, titah drema nglakoni, Arjwa kalih samja, madju atur sarosa, jēn maka ten Paduka Dji, makēwuh-aja, angemu sangga runggi.
4. Angandika Prabu Kusumawitjitra, lah ija luwih-luwih, kang angaranana, masang pringga durgama, saksana sang Harja kalih, tanpa pamitan, undurē sarjwa angling.
5. Ēling-ēling sarupanē wong Mamenang, tan wun kaēsi-ēsi, ing antakanira, nanging wadya ing Daha, tan ana kang ana nauri, wit kinēdjepan, dēning Sri Narapati.
6. Kinēn meneng ajwa na kang munasika, mangkana Arjwa kalih, lampahira prapta, ing kuwu pabarisan, wus tumamēng bjantara Dji, tinanggap turnja, miwiti amekasi.



7. Asru kroda Sang Prabu Anglingkusuma, mamatah wadya sami, kinēn angrusaka, sagunging padēdēsan, kabarubuha binasmi, andjadjaraha, bojongen kang parēstri.
8. Duk samana sagung dēsa atampingan, tumpes tapis kabesmi, dadya karang abang, wongē kawur wurahan, kadi gabah dēn interi, tambuh parannja, pati-pati bentusi.
9. Ana ingkang lumaju maring nagara, sami atur udani, ing leluhira, gugup kang darbē dēsa, para santana gung alit, mjang wadya bala, kabēh gad-gadēng galih.
10. Pareng samja madeg kasudiranira, matur ing Narapati, nuwun kaidēna, dēnirarsa lumawan, saadjenging adjang wadjib karja kakawal, kiwul prang mēt pepulih.
11. Wus kalilan sanalika angkatira, ingkang dadya pangirid, sang Arja Grendaka, kang mangka parta sara, sang Sutjitra maha resi, amrajogaa, adju unduring djurit.
12. Patih Tambakbaja kinēn manukana, baris djoning nagari, lan para prawira, Sri Kusumawitjitra, tumameng paoman mangkin, manungku pudja, semadi mamaladi.
13. Mamursita tri wikrameng tyas pranawa, neminta tumedaking, pulung pitulungan, saking Suksma kawekas, nahan kawarnaa malih, sang ambek sura, pararjwa pra dipati.
14. Sapraptaning makikis tjampuhing juda, ranē rok silih unghing, angkah-ingangkahan, kukuh bakuh kabuka, bakuning prang ander pati, pinatah-patah, patangguhaning baris.
15. Golong-golong gumulung uleng-ulengan, kadya lun dresing tasik, sarsek mabusekan, kasok kang kaparsukan, saksana kēsisan sami, mesat kabrasat, saphi kasaput ratri.
16. Samja mēt kang pakuwon sowang-sowangan, ēndjang umang-sah malih, malujēng kakawal, kiwuling lelawanan, lumajana mamrih pati, pēt-pētan papan, munahan anaheni.
17. Panahaning ripu rampal kaparapal, elong linongan maksih, kasingsal sinelak, sulaking kol kongkalan, kalangan kakenan kanin, kunarpa remak, rowang mungsuh kapilis.
18. Pirang dina pangadaning andon juda, samana kang kalin-



dih, wadya ing Mamenang, risang Arjwa Surangga, mati dēning Arjwa Boti, Arjwa Sampata, Arjwa Binggala sami.

19. Mati sampjuh lawan Arjwa Wiswakarma, ana kang angemasi tanbuh kang mardjaja, sang Arjwa Surenggana, arjwa Surangga kareki, arjwa Sunantra, lawan arjwa Sunantri.
20. Miwah arjwa Pranatabasa palastra, Widjatmaka ngenasi, sareng lan arinja, Sang Arjwa Wiratmaka, arjwa Grendaka pepulih, sura tan taha, nir baja ambek pati.
21. Ngamuk punggung mangrempak tanpa dikara, buteng nir biteng ati, singa kang pareka, tjinandak kaprawasa, swuh sirna gusis angisis, arjwa Grendaka, lwir banteng tawan kanin.

(Petikan: Hadji Pamasa bagian II,  
R. Ng. Ranggawarsita).

---

### RADĒN SUSURUH.

Adjar Tjemara Tunggal, sareng tamijan radēn Susuruh sampun sumerep ingkang dados karsanipun. Kjai adjar asuka pitedah: radēn Susuruh kapurih lumampah ngetan leres. Menawi manggih wit madja namung setunggal, ingkang awoh namung setunggal, isinipun pait, adēdēpoka wonten ing riku: panggenan punika ing bēndjing badē dados negari ageng, radēn Susuruh ingkang badē ngratoni, nedakaken para ratu ing Tanah Djawi, sarta badē males dateng ratu ing Padjadjaran. Wondēnē adjar Tjemara Tunggal wau dēdē adjar ingkang sajektosipun, kala waunipun putri ing Padjadjaran, ingkang raji tumunten ing ējangipun radēn Susuruh. Mila kalanpahan lolos saking ing negari dados adjar, awit saking lumuhipun krama. Pinten-pinten ratu ingkang sami nglamar, dipun tampik. Salolosipun saking negari Padjadjaran, ndjudjug ing redi Kombang. Ing riku wonten kadjengipun tjemara namung setunggil, mila anama adjar Tjemara Tunggal.

Radēn Susuruh inggih dipun serapaken menggah punika. Anunten adjar malih warninipun lami, dados ēstri



nglangkungi ajunipun. Raden kedanan sanget, mrepeki bade njepeng. Tijang estri ladjeng musna. Boten antawis dangu ketingal malih, nanging sampun warni adjar. Raden Susuruh ladjeng njungkoni sukunipun, sarta njuwun pangapunten.

Adjar Tjemara Tunggal pitutur malih, jen ing bendjing bade kepanggih malih kalih raden Susuruh, bilih raden sampun djumeneng ratu, ngrehaken ing Tanah Djawi sadaja. Sarta kjai adjar bade ngalih dateng seganten wedi. Wonten ing riku djumeneng ratu, ngrehaken sakatahing lelembat. Anunten bade ngalih, ngadaton ing Pamantingan, kalereh dateng raden Susuruh. Wondene tedak-tedakipun raden Susuruh bade ngadaton saleripun ing Pamantingan, sakidulipun ing redi Merapi. Sarta sinten-sinten ingkang djumeneng ratu ing tanah Djawi, bade nggarwa dateng adjar Tjemara Tunggal. Ing wusanipun raden Susuruh dipun weling, manawi ing bendjing pakewed, kapurih ninbalana adjar Tjemara Tunggal. Mesti sakedap dateng mbijantoni sabalanipun lelembat. Satelasing pitutur raden dipun aturi mangkat, ndjudjug ing negari Singasari.

Raden Susuruh sasampunipun pamit, ladjeng mangkat sarentjangipun tijang satus. Wonten ing wana kendel sangandaping wit madja, wohipun namung setunggal. Raden enget welingipun adjar Tjemara Tunggal. Wohipun madja andikakaken metik. Sareng dipun dahar, raosipun pait. Raden adedekah wonten ing riku, kawastanan dusun ing Madjapait.

Anunten katah tetijang dateng, tunut agrija wonten ing riku, sarta sami nenanen. Lami-lami dados negari ageng, misuwur ing pundi-pundi.

Katjarijos arja Bangah, saderekipun raden Susuruh, ingkang djumeneng wonten ing Galuh. Negarinipun kabedah dateng ratu ing Padjadjaran. Lolos saking ing negari, kepanggih kalih ingkang raji wonten ing dusun Madjapait wau. Sareng sampun mratelakaken ing tiwasipun, ladjeng sami rembag nglurugi ing negari Padjadjaran. Inggih ladjeng linampahan.

Sabedahipun ing negari Padjadjaran, raden Susuruh djumeneng ratu ing Madjapait. Tetijang sapulo Djawi sujud sadaja. Arja Bangah ngalih nana arja Panular. Ki Wira kadjung lenggahipun anama patih Wahan. Ki Bandar sarta ki Nambi kadamel mantri.



Lani-lani Prabu ing Madjapait peputra, kaparingan nama Prabu Anom. Patih Wahan inggih peputra, anama Udara, dados Adipati ing Kediri. Sasédanipun Prabu Susuruh dipun gentosi putranipun. Inggang dados patih taksih kjai Wahan. Anunten Sang Nata inggang djumeneng enggal badé kagungan karsa mbebudjeng dateng wana. Patih Wahan boten mrajogekaken, awit saweg djumeneng enggal, para abdi dé - réng sujud sadaja. Tampenipun sang Nata, kjai patih ngewed ewodi karsanipun, ndadosaken sanget ing dukanipun. Ladjeng mlebet ing dalen.

Sang Nata kagungan abdi sewanggil, anama Udjung Sabata, dados lurah abdi kadjinenan, sampun kawenangaken ngambah salebeting kadaton. Sumerep jén Sang Nata duka, amargi dipun ampah karsanipun dateng kjai patih, ladjeng sowan ing Sang Prabu. Akatah-katah nggenipun mbebolehi, sangsaja adamel dukanipun, ngantos dawah dateng Udjung Sabata, andikakaken njidra patih Wahan. Kaparingan agenipun wangkingan, anama kjai Djangkung Patjar. Udjung Sabata nglampahi. Patih Wahan pedjah, dipun tjidra wonten ing dalenipun pijambak. Garwa putranipun sami kapundut kadalenaken.

Sapedjahipun patih Wahan, Sang Nata ndunugekaken karsanipun mbebudjeng dateng wana kalih inggang garwa, kaderekaken inggang para abdi. Saking bingahipun mbebudjeng Sang Nata ngantos pisah kalih inggang abdi.

Putranipun patih Wahan, inggang dados Adipati Kediri sampun midanget wartos, bilih inggang rana dipun pedjahi dateng Sang Prabu. Sumerep, jén Sang Nata saweg mbebudjeng dateng ing wana, ladjeng numpak kapal kalih mbekta waos, ngupadosi Sang Nata, sumedya males pedjahipun inggang rama Anudju kepanggih idjén. Sang Nata dipun waos, dados ing sé danipun. Ladjeng kagentosan inggang putra, anama Adining Kung.

Prabu Adining Kung apeputra Ajam Wuruk. Ajam Wuruk apeputra Lembu Anisani; pathipun anama Demung Wular. Lembu Anisani apeputra Bra Tandjung. Bra Tandjung apeputra radén Alit, sareng djumeneng ratu anama Brawidjaja. Pathipun anama Gadjah Mada.



Sang Prabu Brawidjaja ing dalu supena krama kalih putri ing negari Tjenpa. Endjing sawungunipun nimbali kjai patih, kadawahan lumampah dateng negari ing Tjenpa, mbekta serat, katur ratu ing Tjenpa. Ungelipun: nglanar ingkang putra. Wondene prenahipun negari Tjenpa wau ing tanah sabrang. Patih Gadjah Mada ladjeng lumampah numpak baita. Lampahipun lostantun dumugi ing negari Tjenpa. Sang Prabu putranipun tiga: pambadjeng kalih panggulunipun estri, wu-ragilipun djaler. Patih Gadjah Mada sowan ing Sang Prabu, ngaturaken serat. Sang Nata pareng, putranipun dipun lamar. Inggang pambadjeng dipun bektakaken dateng kjai patih, sarta dipun bektani gong, nana kjai Sekar Dalina, kalijan grebong anama kjai Balé Lumur, sarta pedati nama kjai Djebat Bōtri. Patih ladjeng nangkat. Lestantun dumugi negari Madjapait. Putri katur ing Sang Prabu Brawidjaja.

Sareng prabu ing Tjenpa wau atanijan tijang saking sabrang, anama Makdum Brahin Asnara. Matur ing Sang Nata, kapurih Islama. Sang Nata nuruti dalasan abdi sanegari sedaja sani Islam. Sarta putranipun putri kantun setunggil kadaupaken kalih Makdum Brahin Asnara. Sasedanipun Sang Prabu kagentosan putranipun djaler. Makdum Brahin Asnara apeputra kalih sani djaler.

(Babad Tanah Djawi).

---

SANDI ASMA ING WASANANING GATRA.

Sinon.

1. Palasta reh kang kinanda, duk murwakeng "Purwa kanti", estining tyas kang kaista, tan pisan arsa nangesti, minba Sang Praneng kawi, kang wikan wekasing kawruh, karan-ten tan amatra, tumulad silaning karti, narna nangkja mung nar-nar lwir laraswara.
2. Semang-semang semuning tyas, jwan ngeseman ing sasani, nuda dana paksa pinda, panditeng pradja mamardi, marda-weng drija mamrih, wurjaning kang ukara nung, duh duh



sang dwidja tama, lah ila-ila punapi, pun mudarda lanun darbea parasdya.

3. Kumawignja ngaken wikan, sawewengkoning kakawin, destun mung arsa ngistawa, wasiteng sang maha lewih, kang wus kawahjeng tulis, manarsiteng reh sastra ju, saselaning pakirtyan, manardyeng drija marsudi, sasandining surasa kang ngemu rahswa.
4. Marmamba nung mintaksama, njang pangistawanta jekti, trah tumerah katerahan, ing pra wakja kang nartani, praptaning ngalam akir, kajoman wahjaning wahju, katanan kotameng tyas, kang nitya met silastuti, mrih tan keron satjakraning karasikan.
5. Pari purnaning panurat, ri Buda wimbaning resmi, tigas kawurjan Ramelan, ing masa pusa Djimakir, windu Adi winilis, karnan marna sarira ju (1842), mangkja sumang - geng karsa, pra meksi reh ngong tan bangkit, ama: nangun: kawi: ardja: karja: gita.

(Petikan: Serat Purwa kanti, M. Ng. Mangunwidjaja).

Bakuning Serat Purwa kanti punika gantjaran, nanging panutupipun, isi sandi asma, kados ingkang kasebat ing nginggil punika.

---

#### KJAI AGENG WANABAJA.

Peputjuring serat ingkang kadamel gegantjaran, amewahi asrining panglipur, panglipuring manah prihatos, prihatosipun awit kagendeng saking suraos, suraosipun serat ba bad Mangir, inggih punika ingkang nama Kjai Ageng Wanabaja ing tanah Mangir, sakelangkung amemudja ing sihipun Pangeran ingkang Murba Wasesa, awit darbe wasijat ingkang sakelangkung kagunanipun, awarni waos dapur baru kuping, andadosaken sanget lubering kapurunanipun, satemah mbalela boten purun kaeroh dateng Sang Prabu ing Padjang. Mila tansah ambeguguk nguta waton, karena panggagasing manah kuwa-



wi anjenbadani guna saktinipun Sang Nata ngantos dumugi ing karaton Ngēksiganda, tansah mogok boten sudi anjenbah dateng pandjenenganipun ratu.

Para kadang warganipun sami darbē pangrinuk, angaturi rembag mugī karsaa sowan dateng Sang Nata ing Mataram amurih rahardjaning lampah, djalaran sakiwa tengening djadjahan tanah Mangir sanpun sami sujud teluk saha atur bulu bekti niwah glondong pangareng-areng. Mangka tanah Kedu Bagelēn, Pati, Djepara, Madijun, Kediri, Padjang, Semarang inggih sanpun sami sujud angabekti, namung kantun Kjai Ageng pijambak ingkang derēng angidēp ing Mataram, tansah adamel pakeweding ratu. Mekaten malih ing Mangir tanah langkung alit, ing saestu kirang prajogi katingalan ing ngakatah, pan tjen saleresipun tanah ing Mangir kalebet djadjahan ing Mataram.

Aturipun para warga: "Kjai, punapa ingkang dipun andelaken, tijang kawon samukawisipun, nengsah ratu kawon sugih bala, dados sedajanipun kasoran. Binasakaken sampejan punika Kjai, kados katē angrangsang gunung, tjēbol anggajuh langit, kados tinun anglawan durēn, paran marginipun saged unggul, sampejan anandingi Sang Prabu?"

Tumunten Kjai Wanabaja amangsuli ambekuh: "Pan Allah kang andarbeni bumi, aku suwita ing Allah tangala, ora ngawula Sēnapati, djer pada titahing Pangēran. Aku namung ngukuhī nalika mula bukanē, nggonē tjakal bakal wong tuwaku kang wus suwarga ababad alas sarta matjul ora nganggo nje-njambat lijaning djanma, panggarapē luwih saka rekasa, sate-mah dadi sawah lan tegal. Apa manēh aku ora nedya ananēni sarta njikara pakaraning ratu, tuwin aku ora nedya dadi narēndra, awit aku dudu waris asaling ratu.

Apa kang dēn utjap manēh, mung aku wis dak nijati, sutik kaerēh sasamaning nanungsa. Nanging aku duwē pasang giri: aku gelēm ngawula sarta njembah marang sapepadaku, menawa ana nanungsa kang katjonggah anagahi marang putjuk-ing tumbakku kang aran kjai Barukuping, pusaka saka leluhurku".

Para kadang warganipun sami ēran, dēnē boten mikir



dateng rembag kang rahardja, amung tansah kumalungkung a-  
ngandelaken waosipun. Manawi para sentana matur mbebolēhi  
ladjeng kasentak, penggalih runtik. Tjinelak tjarijosipun:  
Kjai Ageng Mangir sampun dumugi ing djandji, mantuk dateng  
adjalipun.

Kotjap putranipun djaler ingkang anggentosi ka-  
lenggahanipun saha nama anunggak seni ingkang rana Kjai  
Ageng Wanabaja, menggah adat watak wantunipun sampun dji-  
blēs ingkang rana, malah anggep kumalungkungipun angung-  
kuli ingkang sampun suwarga. Taksih enēm, warninipun rahi  
bagus, amberanjak ladak angkuh mawi kaduk besus, wantji sam-  
pun djedjaka sepuh sarta keringan ing sasaming tijang  
kikis Praga mengalēr dumugi ing Marang dipun crah, mangi-  
dul tandes ing pasisir, mangalēripun malih dumugi ing Ban-  
tul, ingkang sampun nangidēp dateng Mangir. Mantjapat man-  
tjagangsalipun ing Mangir sampun sami sujud abipraja da-  
teng Kjai Ageng Wanabaja. Rinten dalu tansah kasukan nga-  
bctohan boten mawi lērēh. Kjai Wanabaja enēm ugi mogok bo-  
ten purun angidēp dateng keraton ing Ngēksiganda, tansah  
sesumbar boten adjrih atanding prang kalijan Sēnapati.

Katjarijos Sang Panembahan Sēnapati ing Ngalaga  
ingkang akedaton ing negari Mataram, saweg mijos siniwaka  
wonten ing sitinggil, pepak upatjara narēndra, ing pagelar-  
an kebak para punggawa, mantri, bupati sapanekaripun sami  
sowan djedjol sek-sekan. Sang Prabu ngandika aris: "Paman  
Mandraka, ingsun taros, kados pundi prekawis Kjai Gedē Ma-  
ngir. Sampun tita ngantos dumugi sapunika tansah mogok bo-  
ten purun seba angidēp dateng karatoningsun. Punapa boten  
prajogi enggal linurugan, ladjeng kagebag ing prang, tinum-  
pesan sabrajat kulawarganipun sadaja, djandji sipat djaler  
dipun pedjahi?"

Adipati Mandraka matur: "Duh, Sang Nata, kula bo-  
ten anjuwawēni, dipun sareh karsa paduka Nata! Sanadyan Ma-  
ngir tanah alit, nanging boten kēnging ginagampil tinempuh  
ing prang, menawi lepat saestu anbebajani, miwah adamel ri-  
saking wadya bala katah. Mekaten malih nama nista pandje-  
nenganing ratu teka mengsah bekel panadjungan. Wonten ing  
kang dados pakēwedipun ing lampah, awit gadah wasijat war-



ni waos dapur Barukuping, anpuhipun sakelangkung sanget, sa nadyan teguh kulit tembaga ingkang atos, balungipun kados tosan purasani, otot kawat akere prunggu, bilih kadawahan waos Barukuping lebur tanpa kukupan. Awit saking tinbala- nipun ingkang Sinuhun Kalidjaga amisik dateng kula: pun Mangir dedamelipun linangkung, boten kenging katulak na- nungsa, singa ingkang kadawahan amesti naut, tur sampun tji neta ing riwayat dados pusakaning ratu Djawi, pasanganipun Kjai Plered ing tembenipun, mila sakelangkung rempit. Boten langkung prajogi kabudjuk alus kemawon, menawi sampun kenging waos wau boten wonten wantjak galihipun. Sakarsa pa duka Nata kula dateng andjurungi".

Sang Prabu ngandika arun: "Jen mekaten andika rem- bug rumijin rahardjaning ingkang dipun prasudi. miwah ra- hajune sakatahing punggawa, ingkang boten damel nistaning ratu, nanging sageda pikantuk damel".

Sang Dipati Mandraka enggal natur: "Bilih ndadosa- ken kepareng karsa paduka sang Prabu, durjat paduka sang dyah Raden Adjeng Pembajun dipun lampahaken ing ajuda sa- rana lampah sandi, pun Adipati Martalaja ingkang runeksa ing pakewed, dados dalang ringgit purwa akanti kadangipun Tumenggung Djajasupanta, sami runeksa ing Dyah Retna, lan pun Suradipa dados pandjakipun, pun Tumenggung Botjor sam- pun ngantos kanton ninangka djuru nabuh kempul, Saradipa djuru pangendang, Saradula nabuh kenong, njai Tumenggung A- disara dados djuru panggender. Dene kempul prajogi wasi- jat paduka kjai bitjak, kapendet sawab pangestunipun, amrih lestantun manggih rahajuning lampah, putra paduka Raden A- djeng dipun akena anak dateng ki dalang ingkang sajektos".

Sang Aprabu sakelangkung kapinudjon ing galih atan- pi sandi sedyaning Ki Dipati: "Paman, manira marengi".

(Babad Mangir, R. Ng. Suradipura).



PAMORING KAWULA GUSTI.  
Dandangula.

1. Lah nara Wrekodara aglis, lumbua guwa garbaningwang, kagjat mijarsa wuwuse, Wrekodara gumuju, sarwi ngguguk turira aris: "Dēnē paduka badjang, kawula geng luhur, inggih pangawak prabata, saking pundi marganing kawula mandjing, djentik mangsa sedenga".
2. Angandika malih Dēwarutji: "Gedē endi sira lawan djagad kabeh iki saisinē, kalawan gunungipun, sanodranē alase sani, tan sesak lumbua, guwa garbaningsun". Wrekodara duk mijarsa, esmu adjrih kumel sandika tur nēki, nēngleng Sang Dēwarutji.
3. "Iki dalan talingan ngong kēring". Wrekodara mandjing sigra-sigra, wus prapta ing djro garbanē, andulu samodragung, tanpa tepi nglangut lumaris, lejep adoh katingal, Dēwarutji nguwuh: "Hēh apa katon ing sira?" Dyan sumaur Sang Sēna: "Inggih atebih, tan wonten katingalan.
4. Awang-awang kang kula lampahi, uwung-uwung tebih tan kantenan, ulun saparan-paranē, tan mulat ing lor kidul, wētan kilēn datan udani, ing ngandap nginggil ngarsa, kalawan ing pungkur, kawula boten uninga, langkung bingung" ngandika Sang Dēwarutji: "Ajwa maras tyasira".
5. Bjar katingal ngadep Dēwarutji, Wrekodara Sang Wiku kawangwang, unantjur katon tjahjanē, nulja wruh ing lor kidul, wētan kilēn sampun kaēksi, nginggil miwah ing ngandap, pan sampun kadulu, apan andulu baskara, etja tyase miwah Sang Wiku kaēksi, anōng djagad walikan.
6. Dēwasuksma Rutji ngandika ris: "Inggang dingin sira anon tjahja, gumawang tan wruh aranē, pantja maja puniku, sedjatinē ing tyas sajekti, pangareping sarira, tegese tyas iku, ingaranan nuka sipat, kang anuntun marang sipat kang linuwih, kang sedjatining sipat.
7. Mangka tinulak ajwa lumaris, awasena rupa adja samar, kawasane tyas empane, wit tingal ing tyas iku, anengeri marang sedjati, etja sang Wrekodara, amijarsa wuwus, la-gja nedem tyas sunringah, dēnē ingkang abang ireng ku-



ning putih, iku durgamaning tyas.

8. Pan isining djagad amepeki, ija ati kang telung prakara, pamurungē laku dēnē, kang bisa pisah iku, mesti bisa amor ing gaib, iku mungsuhē tapa, ati kang tetelu, abang ireng kuning sanja, ingkang njegah tjipta karja kang lestari, pamoring Suksma mulja.
9. Lamun ora kawiled ing katri, jekti sida pamoring kawula, lestari ing panunggalē, pona dēn awas ēmut, durgama kang mungwing ati (ing babon, guru witjalan kirang 1), pangawasane weruha, sidji-sidjinipun, kang ireng luwih prakosa, panggawēnē asrengen sabarang runtik, andadra ngambra-ambra.
10. Ija iku ati kang ngadangi, ambuntoni marang kabetjikan, kang ireng iku gawēnē, dēnē kang abang iku, ija tuwuh napsu kang betjik, sakehing pepenginan, metu sangking iku, panastēn panas baranan, ambuntoni marang ati ingkang eling, marang ing kawaspadan.
11. Apa dēnē kang arupa kuning, kawasanē nanggulang sabarang, tjipta kang betjik dadinē, panggawē anrih tulus, ati kuning ngandeg-ngandegi, mung panggawē pangrusak, binandjur djinurung, mung putih iku njata, ati anteng mung sutji tan ika iki, prawira ing kaardjan.
12. Amung iku kang bisa nampani, ing sasmita sadjatining rupa, nampani nugraha nggonē, ingkang bisa tumanduk, kalestaren pamoring gaib, iku mungsuhē tiga, tur sanja gung-agung, balane ingkang tetiga, kang aputih tanpa ro wang amung sidji, marna anggung kasoran.
13. Lamun bisa ija nembadani, marang mungsuh kang telung prakara, sida ing kono pamorē, tanpa tuduhan iku, ing pamoring Kawula Gusti, Wrekodara mijarsa, sengkud pamrihipun, sangsaja birahinira, saja marang kauwasaning ngaurip, sampurnaning panunggal.

(Serat Dēwa Rutji, wedalan Tan Khun Swie Kediri).



DONGĒNGIPUN DALANG RINGGIT PURWA DIPUN  
TANGGAP ING LELEMBAT.

Djaman runijin wonten dalang ringgit purwa nama Gandawignja, gegrija ing kita Salatiga, pantjen sampun kondang kapiteranipun andalang, karena ing ngadjeng kawulang kangdjeng pangeran arja Kusumadilaga ing Surakarta adi-ningrat.

Ing satunggiling dinten ketamuan lelembat aminda djalma, datengipun kabagekaken dening dalang Ganda: "Ē, bagus, punapa sampejan wiludjeng, sarta punapa ingkang dados wigatos sampejan?"

"Nuwun kjai, saking pangestu sampejan wiludjeng. Menggah sowan kula ing sampejan punika kula dipun kengkèn lurah kula nama kjai Bangsadarma, petinggi dusun Tjan didukuh bawah ing Bahrawa, menawi sampejan dangan dipun aturi angringgit dateng grijanipun lurah kula kalih dinten kalih dalu. Dene wigatosipun sidekah merti dusun, bēndjing dinten Setu Paing dumuginipun Akat Pon, tanggal kaping 14 - 15 wulan Besar ngadjeng punika".

"Inggih dangan kula, saderek, awit boten ingkang nanggap dateng kula. Lah, ringgit tuwin gamelan kados pun di pambektanipun, awit langkung tebah saking ngriki?"

"O, kjai, boten susah mbekta saking ngriki, awit lurah kula sampun gadah pijambak, ringgit purwa sakotak, punapa malih gamelan inggih sampun gadah kalih rantjak, salendro kalijan pelog. Lah, sapunika kula ngaturi pandjer kalih ringgit".

"Inggih, saderek, kula tampeni, lan malih bēndjing dinten Djumuah Legi endjing kula neda petukan kapal tumpakan kalih".

"Bab tumpakan sampun kuwatos, nanging kula badé ngaturi jatra pasewaning kapal kemawon saking Salatiga ngriki dumugi kreteng Tuntang; ing Tuntang kula petuk baita kekalih ingkang ageng; saking Tuntang sampejan numpak baita ngantos dumugi dusun Tjandidukuh. Ing sapunika sampejan kula aturi ingkang minangka pasewaning kapal



kalih ringgit, ing dinten Djumuah kula metuk wonten ing kreteg Tuntang".

"Inggih, sadērēk, sanget panarimah kula, kula kantja nijaga sanga".

"Ē, nēh supē, Tjandidukuh punika tebih tijang sadē tjandu, bēndjing menawi kjai pangkat kula aturi mbekta saking ngriki".

Dalang Ganda witjanten: "Jēn mekaten tjadong kula tjandu kalih dinten kula tēda sapunika, dēnē tadah kula sa dinten sadalu seringgit".

"Inggih kjai, sapunika sampejan kula aturi kalih ringgit. Sarehning sampun terang kula sampejan lilani mundur".

"Inggih, sadērēk, kula njangoni wiludjeng kēnawon".

"Inggih, kjai".

Sareng sampun dumugi dinten Djumuah Legi, dalang Gandawignja sakantjanipun nijaga sanga pangkat saking Salatiga, sareng dumugi ing Tuntang petukan baita dateng, dalang Ganda sakantjanipun ladjeng numpak baita, lampahipun mudik kalijan abingah-bingah.

Boten katjarijos lampahipun wonten ing rawa, sampun dumugi ing dusun Tjandidukuh, nanging sajektosipun sanes dusun Tjandidukuh, inggih punika ingkang winastan Pening. Sareng dalang Ganda sampun mentas dateng darat aningali dusun ageng kados negari, grija-grija langkung katurah abebandjengan tarik-tarik, dēnē radinan katingal wijar bawera kentjeng resik, tataning tijang gegrija angadjengaken radinan sarta ing ngadjeng nawi sakēteng sadaja, tēngahing dusun mawi alun-alun sarta katanenan waringin kuring djedjēr kalih, ing tepining alun-alun ugi katanenan waringin atarik-tarik sami agengipun. Ladjeng katingal grija ageng-ageng djedjēr tetiga, pendapi, pringgitan sarta grija wingking tuwin gedang selirang, gandok. Saking alun-alun lumebetipun mawi kori ageng kadjagi tijang katurah.



Kotjap, dalang Gandawignja sakantjanipun malebet ing kori ageng ladjeng ngambah palataran wijar dumugi ing pen dapi. Kjai Bangsadarna saweg linggih ing pendapi dipun adep para panekaripun katah, sumerep dalang Ganda dateng, enggal angawē-awē ngundang kapurih njelak.

"Kula nuwun, kjai lurah, pasang alinan tabē, linepatna saru sikuning lampah kula, mugi aparinga ing pangaksama".

"Inggih kang Ganda, sami-sami kemawon, kula suka pamba ge dateng kang Ganda sakantja sampējan sadaja, punapa sami rahardja?"

"O, inggih kjai lurah, saking pangestu sampējan sami rahaju".

"Mila kang Ganda kula purih ngringgit kalih dinten kalih dalū, awit kula sakantja badē sidekah nerti dusun. Mangkē dalū kula neda lampahan Wiwaha, awit kula remen nalika Ardjuna bantah kalijan resi Padya. Lah, bēndjing sonten kula neda lampahan Bratajuda nalika Sang Prabu Salja nata ing Mandraka madeg sēnapati ngalaga ing Kurawa".

"Nun, inggih kjai lurah".

"Kang Ganda sakantja sampējan, sarēhnē sajah sampējan ngaso wonten grija pisang salirang, dados mangkē sonten boten rekaos".

"Inggih kjai lurah, sakalangkung sanget panuwun bingah ing nanah kula".

Kotjap, dalang Ganda lērēh pondokan tamu ingkang kawas tanan pisang salirang, ing ngriku sampun kagelaran babut prangwadani saking sutra diwangga, tuwin bantal-bantal ing gih sampun kasedijan, sarta gandanipun anrik arum angambar. Boten dangu ing pambudja medal wēdang lan panganan warni warni, dēnē piringipun sadaja kantjana punapa dēnē talam patadahan inggih kantjana tinarētēs ing sesotya. Jēn katingalan tjahjanipun murub amadangi ing gedang salirang. Dalang Ganda andjenger ningali rampadan ingkang endah warninipun, ladjeng witjanten dateng kantjanipun djuru pangen  dang nana Tjrenakarja: "E, Tjrenakarja, iki panggonan dudu sawadinē; aku iki nalika ngabdi ana Kusumadilagan Surakarta, mēh saben dina aku ndērēk kangdjeng pangēran malebu marang kedaton, nanging ora mangkono pirantine, piring ija piring blaka. Inggih Sinuhun ora kagungan kang mangkono ru-



panē bekakas. Kang katjarita kedatonē kangdjeng Njai Ratu Segara Kidul kasebut ing babad Mataram, bekakasē mengkonorupane; wis temtu iki negara pangalapan, mulanē kowē kang prajitna lan adja pisan duwē kamelikan apa-apa; jēn atimu sutji mesti rahardja".

Tumunten gumantos segah warni sekul ulam sapanunggilanipun, pirantosipun boten sanēs kalijan ing ngadjeng. Ingkang angladosi angidjabaken: "Punika, kjai, sampejan dipun aturi dahar sawontenipun".

"Ē, inggih sakalangkung panuwun kulā". Dalang sakan-tjanipun ladjeng sami neda sarta anggēnipun neda sakalangkung dēning miraos.

Kotjap, sampun wantji serap surja, dalang Ganda sanijaganipun sampun madjeng dateng pandapi, anata gamelan salendro tuwin ringgit ingkang badē kanggē, dalang Ganda sakamantyan gawok ing manah dēnē angungkuli gamelan kraton; menggah udjuding ringgit sadaja gegelipun enas mawi kapatik ing sesotya barlejan, punapa malih ringgit-ringgit para ratu sinukarta sesotya sadaja, tangsuling gapit kawat kentjana, dēnē gapitipun sadaja saking salaka. Ringgit ladjeng kapanggung kados adat badē kadamel angringgit. Dēnē dalang anggēnipun anata ringgit tuwin gamelan wonten ing grija paringgitan, ing pendapi sampun kebak tijang djaler ingkang djagong, sadjak penganggēnipun tijang djaler estri kados prijantun ing negari Surakarta, inggih sami ngabotohan warni-warni, kadosta: kasukan gitikan (kertu gangsal), tjeki, pei, satuteran, salikuran. Saenggēn-enggēn wonten tijang ngabotohan, sampun kados pabrik gendis ingkang nenbē badē giling rosanipun. Dēnē grija ing wingking kebak sami lenggah depokan, gelungipun gombel, sami tjunduk djungkat tanggalan kang katrētēs sesotya, sengkangipun blosokan ingkang katrētēs ing barlejan, mawi kembenan, dēnē rasukan warni kalih ingkang katah takwa tuwin kabajak tjekak ingkang kanggē djaman Kalijoga punika.

Kotjap, dalang sasmita talu, sasampuning talu ladjeng djedjer, ingkang minangka djedjer ratuning raksasa adjedjuk Prabu Niwatakawatja ing nagari Inantaka. Sareng wantji badē tengah dalu dalang amedalaken Sang Hjang Pramesti Gu-



ru, sadaja tiyang ingkang aningali angobong menjan; awit sadaja ingkang ningali sami ambekta latu merang punapa dene ing pendapi tuwin ing grija wingking inggih angobong dupa, kukusipun kumelun kados ampak-ampak utawi pedut, saged anju renaken urubing dilah katah. Boten kagantjaraken lelampah-aning anggenipun angringgit awit para maos sampun temtu njumerepi.

Katjarijos anggenipun angringgit dalang Ganda sampun dumugi kalih dalu, sesampuning pragat pangringgitipun dalang Ganda neda pamit mantuk sakantjanipun.

Kjai Bangsadarma: "Inggih, kang Ganda, sanget ing pana rimah kula awit anggen sampejan ngringgit damel suka bi -- ngahing kadang warga kula sadaja; dene anggen sampejan angringgit kalih dinten kalih dalu kula aturi kawan dasa ringgit, sarta sampejan kula bektani kunir sakedik kinarja usada padaran mules, sanadyan sakit sanesipun kenging kadamel sarana; punapa malih kula meling salebeting sampejan wonten baita sampun njebut asmaning Pangéran, punika awisanipun lepén Tuntang, jén katerak asring manggih bebaja".

"Nun inggih kjai lurah, bade kula estokaken, manawi sampun terang dawuh sampejan, kjai lurah, kula njuwun mundur sakantja sadaja".

"Inggah kang Ganda, kula asuka wiludjeng sadajanipun".

Sareng dalang Ganda sampun dumugi sadjawining kori, pitaken kalih pangendang: "E, Tjrenakarja, kunir mau kowe apa ora lali?"

"Boten kang, punika kula bekta".

"Sokur di, senadjan ing Slatiga ora kurang kunir, a -- enge dene pawewehé kjai petinggi takkira gedé paedahé. Lah, Tjrema, kang separo takgawané, kang separo gawanen!"

Ladjeng kabuntel saputangan genbaja katangsulaken la djeng dipun sabukaken kentjeng, Tjrema inggih makaten.

Sadumuginipun ing babagan dalang Ganda tuwin sakan-tjanipun sami numpak baita kados nalika pangkatipun, lampahing baita nilir para nijaga sami suka bingah awit bade pi-kantuk panduman jatra katah. Sareng dumugi sanginggiling kreteg Tuntang, dalang Ganda teka kasupen welingipun Kjai Bangsadarma, dumadakan njebut asmaning Pangéran: "E, kantja



kuwasaning Gusti Allah iku ora kena tjinakrabawa". Witjanten ipun sawog dumugi somanten, baita kekalih sareng keremipun la djeng musna kalijan tijang ingkang melahi, dene tijang ingkang mumpak sani pating kranbang. Tjrenakarja sakantjanipun amulung i dateng Ganda, ladjeng kaontasaken dateng darat, sanesipun sanipun mentas sadaja, awit sani baut nglangi, sani leroh wonten sa pinggiring lopen.

Dalang Ganda witjanten: "E, kantjaku kabeh adja ana kang ngresula utawa keduwung lelakon iki, karena kaja ana sadjro - ning panginpon. Lah, saiki aku mudeng jen kang nanggap iki pan-tjen lelembut kang pada makajangan ing umbul Pening, dene lu-rahle lelembut ora kjai Bangsadarna, kang bener kjai Sarpabang-sa arupa taksaka naga. Sanadyan demit atine betjik lan anbek utama. Mara Tjrena, duwit kang kogembol apa ora ketjemplung ing banju?"

Pangendang kalih pangrebab angedalaken jatra ingkang dipun gembol ladjeng kapetang taksih djangkep kawan dasa ringgit.

"O, sukur-sukur dene ana kang ginawe sangu mulih, nanging wetengku kok mules, takkira nggonku kekun ing banju mau, mara ta tak tjobane mamah kunir paringane kjai petinggi". Ladjeng dipun utjuli saking saputangan, sareng dipun waspaosaken analih warni kantjana. Ingkang kabekta Tjrenakarja enggal katingalan inggih dados enas, para nijaga abingah-bingah sadaja.

Dalang Ganda witjanten: "Iki barang jen wis tutug ing ngonah baé didol kabeh, sapira pajune didum warata; wis, ajo pa da nuli mulih mumpung isih rada awan".

"Sunangga suwawi, kjai".

Katjarijos saantukipun ngringgit saking rawa Pening, dalang Ganda nandang sakit mripatipun ngantos dados wuta. Sana - dyan sampun wuta boten suda ingkang ananggap, karena prigel wa sis panjepengipun ringgit taksih kados nalika awasipun, nanging sareng wuta wonten ingkang angladosi amendet ringgit ingkang bade kawedalaken. Malah ing tjarijos pedjahipun dalang Ganda-wignja boten mawi sakit ing satengahing ngringgit wonten dusun Dadapajan distrik Salatiga.

(Dongeng warni-warni, R. Ng. Suradipura).



# ISINIPUN SERAT PUSPA PALUPI.

1. Pamulangan luhur kapradjuran djaman Mataram  
Mitradarma R. T. Josowidagdo katja 1.
2. Sambate djara rakitan. Tangresulaning kewan  
Maskumambang. M. Kartasiswaja. „ 5.
3. Anak kalijan bjung. Kirti ndjurdjung dradjad,  
R. T. Josowidagda „ 6.
4. Runtiking tyas Babad Gijanti. Sinom  
R. Ng. Jasadipura. „ 10.
5. Lelampahanipun Raden Udakawimba. Rangsang  
Tuban. Ki Padmasusastra „ 12.
6. Serat sinawung ing sekar. Megatruh urut denta  
wjandjana R. D. S. Martono, „ 16.
7. Randa djulig, Durtjaraardja. Ki Padmasusastra. „ 18.
8. Sabda pandita ratu. Babad Tanah Djawi B. P.  
1940. Asmaradana. „ 21.
9. Boten kenging dipun raosi. Serat Rijanta.  
R. B. Sulardi, 23.
10. Falatida. Andararan Kalatida Ranggawarsitan,  
Sinom Bratakesawa. „ 28.
11. Sijung wanara. Babad Tanah Djawi B. P. 1941. „ 29.
12. Rukun agawe santosa, tjrah agawe bubrah.  
Nitisastra Dandanggula. R. Ng. Jasadipura. „ 33.
13. Oto mogok. Ngulandara. Margana Djajaatmadja „ 35.
14. Bandjir ludira asarah kuwanda. Hadji Pamasa.  
Durma. R. Ng. Ranggawarsita. „ 39.
15. Raden Susuruh. Babad Tanah Djawi. B. P. 1941 „ 41.
16. Sandi asma ingwekasaning gatra. Purwakanti  
Sinom. R. Ng. Mangunwidjaja. „ 44.
17. Kjai Ageng Wanabaja. Babad Mangir.  
R. Ng. Suradipura. „ 45.
18. Pamoring kawula gusti. Serat Dewarutji Dandanggula 49.
19. Dongengipun dalang ringgit purwa dipun tanggap ing  
lelembat. Dongeng warni<sup>2</sup>, R. Ng. Suradipura. „ 51.